# *KAJIAN FILOLOGI* SAHA GEGARAN SANGKALAN ING *SERAT CANDRAMEMET*

***SKRIPSI***

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni**
**Universitas Negeri Yogyakarta**
**minangka Jejangkeping Pandadaran**
**Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan***

**dening**
**Ekawati Rahayu Putri**
**NIM 10205241003**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2015**

# PASARUJUKAN

**PASARUJUKAN**

*Skripsi* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* saha Gegaran Sangkalan ing *Serat Candramemet* menika saged dipunuji awit sampun angsal palilah dening *pembimbing*.

| | |
|---|---|
| Yogyakarta, 15 Desember 2014 | Yogyakarta, 15 Desember 2014 |
| *Pembimbing I* | *Pembimbing II* |
| Dra. Hesti Mulyani, M.Hum. | Venny Indria Ekowati, M.Litt. |
| NIP 19610313 198811 2 002 | NIP 19791217 200312 2 003 |

**PANGESAHAN**

*Skripsi* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* saha Gegaran Sangkalan ing *Serat Candramemet* menika sampun dipunandharaken wonten pandadaran sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 24 Desember 2014 saha dipuntetepaken lulus.

***DEWAN PENGUJI***

| **Asma** | ***Jabatan*** | **Tapak Asma** | **Tanggal** |
|---|---|---|---|
| Drs. Hardiyanto, M.Hum. | *Ketua Penguji* | ..... | 6/1 2015 |
| Venny Indria E., S.Pd., M.Litt. | *Sekretaris Penguji* | ..... | 6/1 2015 |
| Drs. Afendy Widayat, M.Phil. | *Penguji Utama* | ..... | 6/1 2015 |
| Dra. Hesti Mulyani, M.Hum. | *Anggota Penguji* | ..... | 6/1 2015 |

Yogyakarta, Januari 2015
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandha-tangan wonten ing ngandhap menika, kula minangka panyerat:

Nama : Ekawati Rahayu Putri

NIM : 10205241003

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangretos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Manawi kasunyatanipun kabukten manawi wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 15 Desember 2014

Kula pun,

Ekawati Rahayu Putri

**SESANTI**

“Maka nikmat Tuhanmu yang manakah yang kau dustakan? (QS Ar.Rohman)”

“Narima ing pandum (piwulang Sunan Kalijaga) ”

“Memayu hayuning pribadi; memayu hayuning kulawarga; memayu hayuning sesama; memayu hayuning bawana (panyerat)”

## PISUNGSUNG

Linambaran pamuji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah S.W.T, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Ibu Taryati saha Bapak Wasimin ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging tenaga, maringi beya, saha sih katresnan.

## PRAWACANA

Puja-puji syukur Alhamdulillah dhumateng Allah S.W.T ingkang sampun mapinten-pinten paring kasarasan, kanikmatan, kabegjan, saha kabagyan dhateng panyerat, saengga *skripsi* ingkang irah-irahanipun *Kajian Filologi* saha Gegaran Sangkalan *Serat Candramemet* menika saged maujud kanthi nir ing sambekala. Ing kalodhangan menika panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmad Wahab, M.Pd., M.A., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan kangge nglampahi panaliten menika;
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nglampahi panaliten menika;
4. Ibu Hesti Mulyani, M.Hum. minangka *dosen pembimbing* ingkang sampun kersa paring bimbingan, piwulang, saha pandonga;
5. Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt. minangka *dosen pembimbing* ingkang sampun kersa paring bimbingan, piwulang, saha pandonga.
6. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, saha wejangan ingkang murakabi;
7. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan*;
8. *Petugas Perpustakaan Tembi Yogyakarta bagian pernaskahan*, ingkang sampun paring pambiyantu nalika nindakaken *pengamatan langsung naskah Serat Candramemet*;
9. Tiyang sepuh kekalih ingkang sanget kula tresnani;
10. Kanca-kanca Kelas A/2010 (JAKA) ingkang sampun suka panjurung anggen kula nyerat *skripsi* menika;
11. Kanca-kanca PBD sarta sadaya *pihak* ingkang boten saged kasebutaken sadaya ingkang sampun suka pambiyantu, pandonga, saha panjurung saengga *skripsi* menika saged mawujud.

Temtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat kamipurun ndamel *karya ilmiah* menika sinaosa dereng sampurna. Ananging, panyerat saestu angajeng-ajeng mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi, Aamiin.

Yogyakarta, 24 November 2014

Panyerat,



Ekawati Rahayu Putri

PRATELAN ISI

kaca

IRAH-IRAHAN ..... i
PASARAJUKAN ..... ii
WEDHARAN ..... iii
SESANTI ..... iv
PISUNGSUNG ..... v
PRAWACANA ..... vi
PRATELAN ISI ..... ix
PRATELAN TABEL ..... xii
PRATELAN LAMPIRAN ..... xiii
SARINING PANALITEN ..... xiv
BAB I PURWAKA ..... 1
A. Dhasaring Panaliten ..... 1
B. Underaning Prakawis ..... 4
C. Watesaning Prakawis ..... 4
D. Wosing Panaliten ..... 5
E. Ancasing Panaliten ..... 5
F. Paedahing Panaliten ..... 6
G. Pangretosan Tembung-tembung ing Irah-irahan ..... 7
BAB II GEGARAN *TEORI* ..... 8
A. Tegesipun *Filologi* ..... 8
1. *Objek* Panaliten *Filologi* ..... 11
a. *Naskah* ..... 11
b. *Teks* ..... 12
B. Urut-urutan Lampahing Panaliten *Filologi* ..... 14
1. *Inventarisasi Naskah* ..... 14
2. *Deskripsi Naskah* ..... 15
A. *Alih Tulis Teks* ..... 18
B. *Suntingan Teks* saha *Aparat Kritik* ..... 20

a. Suntingan *Teks* ..... 20
b. *Aparat Kritik* ..... 21
5. *Terjemahan Teks* ..... 22
C. Sangkalan *Candramemet* ..... 24
D. Panalaran Panaliten ..... 28
E. Panaliten ingkang Jumbuh ..... 29
BAB III CARA PANALITEN ..... 31
A. Cara Panaliten ..... 31
B. *Sumber Data* Panaliten ..... 32
C. *Teknik* Ngempalaken *Data* ..... 32
1. *Inventarisasi Naskah* ..... 32
2. *Deskripsi Naskah* ..... 33
3. *Transliterasi Teks* ..... 33
4. *Suntingan Teks* ..... 34
5. *Terjemahan Teks* ..... 34
D. *Instrumen* Panaliten ..... 34
E. *Teknik Analisis Data* ..... 39
F. *Validitas* saha *Reliabilitas Data* ..... 40
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN ..... 42
A. Asiling Panaliten ..... 42
1. *Inventarisasi Naskah* ..... 42
2. *Deskripsi Naskah* ..... 44
3. *Transliterasi Teks Serat Candramemet* ..... 50
a. Pandom *Transliterasi* ..... 51
1) Aksara Legena saha Pasanganipun ..... 51
2) Aksara Murda saha Pasanganipun ..... 52
3) Aksara Swara ..... 53
4) Sandhangan ..... 54
5) Angka Jawa ..... 55
6) Panyerating e pepet, e taling ..... 56
7) Panyerating Tembung Dwilingga ..... 56

8) Panyerating Tembung Dwipurwa ..... 57
9) Panyerating Tembung ingkang Sipatipun *homorgan*..... 57
10) Panyerating Vokal o Nasal Dipunserat dados Vokal α ..... 58
11) Pengulangan Satunggaling Aksara Rangkep amargi *Afiksasi* utawi Wujud Tembung Lingga ..... 58
12) Panganggening Aksara *Kapital* dipunjumbuhaken kaliyan Aturan Panyerating Aksara Latin ..... 59
13) Panganggening Tandha Pamaos ..... 59
b. Pandom *Suntingan* ..... 60
4. Asiling *Transliterasi* saha *Suntingan Teks Serat Candramemet* ..... 61
5. *Aparat Kritik* ..... 77
6. *Terjemahan Teks Serat Candramemet* ..... 79
B. Tata Panyerating Sangkalan ..... 88
1. *Sinopsis Serat Candramemet* ..... 88
2. *Deskripsi Candramemet* ..... 102
3. Tata Panyerating Sangkalan ingkang Kaandharaken ing *Serat Candramemet* ..... 106
4. Tata Panyerating Sangkalan Lamba saha Memet ..... 120
BAB V PANUTUP ..... 126
A. Dudutan ..... 126
B. *Implikasi* ..... 128
C. Pamrayogi ..... 128
KAPUSTAKAN ..... 130
A. *Pustaka* saking Buku ..... 130
B. *Pustaka* saking *Internet* ..... 131
*LAMPIRAN* ..... 132

## PRATELAN TABEL

Kaca


Tabel 1 : Bedanipun *filologi tradisional* saha *filologi Modern* ..... 11
Tabel 2 : *Kartu data* kawontenan *naskah Serat Candramemet* ..... 35
Tabel 3 : *Kartu data aparat kritik Serat Candramemet* ..... 39
Tabel 4 : *Kartu data* cara panyerating *Sangkalan Memet* ..... 39
Tabel 5 : Kawontenaning *Serat Candramemet* ..... 44
Tabel 6 : Aksara legena saha pasanganipun ..... 51
Tabel 7 : Aksara murda saha pasanganipun ..... 53
Tabel 8 : Aksara swara .....53
Tabel 9 : Sandhangan swara ..... 54
Tabel 10 : Sandhangan panyigeging wanda ..... 54
Tabel 11 : Sandhangan wyanjana ..... 55
Tabel 12 : Angka Jawa ..... 55
Tabel 13 : Serataning e pepet kaliyan e taling ..... 56
Tabel 14 : Tembung dwi lingga ..... 57
Tabel 15 : Tembung dwi purwa ..... 57
Tabel 16 : Tembung *homorgan* .....58
Tabel 17 : Panyerating vokal o nasal dipunserat dados vokal α ..... 58
Tabel 18 : *Afiksasi* ..... 58
Tabel 19 : Aksara kapital minangka aksara sapisanan namanipun tiyang ..... 59
Tabel 20 : Aksara kapital minangka aksara sapisanan namanipun papan ..... 59
Tabel 21 : Panganggening tandha pamaos ..... 59
Tabel 22 : *Aparat Kritik* ..... 77
Tabel 23 : Angka *Candramemet* ..... 90
Tabel 24 : Tetandhingan *Candramemet* saha *Sandi Ragasastra* .....94
Tabel 25 : Bedanipun angka *Candramemet* kaliyan angka Jawa ..... 96
Tabel 26 : Aksara *Candramemet* wonten ing *Serat Candramemet* ..... 97
Tabel 27 : Tetandhingan tata panyerating sangkalan antawisipun cara 1,
cara 2, cara 3, saha cara 4 .....101

## PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1 : *Teks* Seratan cithak *Serat Candramemet*
Kasimpen ing Museum Tembi, Yogyakarta ..... 136
Lampiran 2 : *Sandi Ragasastra* ..... 153
Lampiran 3 : *Tabel* Keputusan Sriwedari ..... 162

# *KAJIAN FILOLOGI* SAHA GEGARAN SANGKALAN ING *SERAT CANDRAMEMET*

**Dening: Ekawati Rahayu Putri**
**NIM 10205241003**

## SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika ngandharaken lampahing panaliten *filologi* saha gegaran sangkalan *Serat Candramemet*. Lampahing panaliten inggih menika: 1) ndamel *inventarisasi naskah Serat Candramemet,* 2) ngandharaken *deskripsi naskah Serat Candramemet,* 3) ndamel *transliterasi* utawi alih aksara, 4) ndamel *suntingan teks Serat Candramemet,* 5) ndamel *terjemahan* utawi alih bas*a teks Serat Candramemet,* sarta 6) mangretosi gegaran sangkalan ingkang kaandharaken ing *Serat Candramemet.*

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif* saha *metode* panaliten *filologi*. *Metode* panaliten *deskriptif* dipunginakaken kangge nggambaraken *naskah Serat Candramemet* kanthi *objektif. Metode* panaliten *filologi* dipunginakaken kangge nggarap *naskah Serat Candramemet* ingkang kaserat mawi aksara Jawa cithak. *Sumber data* panaliten menika, *naskah Serat Candramemet koleksi* Museum Tembi Yogyakarta. *Teknik* ngempalaken *data* ing panaliten menika ngginakaken lampah panaliten *filologi,* inggih menika *inventarisasi naskah,* kawontenan (*deskripsi*) *naskah, transliterasi, suntingan, terjemahan teks,* saha *analisis* isining *teks*. *Analisis data* ngginakaken *teknik analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken, inggih menika *validitas semantik. Reliabilitas* ingkang dipunginakaken, inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*.

Asiling panaliten menika ngandharaken enem bab. Sapisan, *Serat Candramemet* ingkang dipuntliti, inggih menika naskah ingkang kasimpen ing Perpustakaan Tembi Yogyakarta. Kaping kalih, kawontenan (*deskripsi*) *naskah Serat Candramemet* taksih sae saha seratanipun taksih saged kawaos. Kaping tiga, *transliterasi naskah* kadamel kanthi *metode transliterasi standar*, wondene sasampunipun ngewahi seratan aksara Jawa dhateng aksara Latin adhedhasar *ejaan* ingkang limrah. Sakawan, *suntingan teks* ngginakaken *metode suntingan standar,* wondene sadaya ewah-ewahan ing *suntingan teks* kaandharaken ing *aparat kritik.* Gangsal, *terjemahan teks* dipungarap kanthi ngginakaken *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi,* saha *terjemahan bebas*. Sadaya *metode terjemahan* kasebut dipungarap kanthi *kontekstual*. Enem, isining *teks Serat Candramemet* inggih menika gegaran sangkalan candramemet ingkang wonten sakawan cara.

# BAB I
# PURWAKA
#

## A. Dhasaring Panaliten

Tandha pagesanganing tiyang Jawi jaman rumiyin saged dipuntingali saking warisan-warisan leluhur. Kathah papan saha wewangunan petilasan ingkang kenging kangge tandha yektinipun tiyang Jawi jaman rumiyin. Kabudayan tiyang Jawi boten namung ingkang awujud wewangunan kemawon nanging ugi ingkang seratan.

Bukti seratanipun tiyang Jawi inggih menika kathah *karya* ingkang sinerat dening para pujangga. Seratanipun menika wonten *disiplin* ilmu *filologi* dipunsebut *naskah*. *Naskah* inggih menika barang ingkang nyata awujud seratan tangan ingkang ngewrat maneka warni pamanggih minangka asiling budaya pagesangan masyarakat jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985: 54). Jinising *naskah* taksih dipunperang miturut dhapukanipun. Wonten ingkang dhapukan gancaran, sekar, ugi *drama*.

*Prosa* utawi gancaran miturut Purwadi (2009: 2) inggih menika *teks* ingkang karantam kanthi basa ingkang limrah ugi ngginakaken tembung-tembung basa padintenan. Salah satunggaling *naskah* Jawi ingkang kaserat kanthi dhapukan gancaran inggih menika *Serat Candramemet.* Wonten ing panaliten menika, *Serat Candramemet* dipundadosaken *sumber data* panaliten.

*Naskah Serat Candramemet* ngewrat bab tata panyerating sangkalan memet. *Serat Candramemet* kaserat mawi aksara Jawa (carakan) saha mawi basa

Jawi Enggal. *Naskah Serat Candramemet* ingkang dados *sumber data* panaliten menika satunggaling *naskah* ingkang miturut *katalog Girardet* (1983: 751) kasimpen wonten ing *perpustakaan* Pakualaman Yogyakarta kanthi nomer 55580. Sasanesipun wonten *katalog Girardet, Serat Candramemet* kasimpen wonten ing Perpustakaan Rumah Budaya Tembi Yogyakarta miturut *katalog* Rumah Budaya Tembi Yogyakarta kanthi nomer *inventaris* 2363/LSJ/HD/2000. Sasanesipun wonten ing *katalog* ing nginggil, *Serat Candramemet* ugi kasimpen wonten ing Perpustakaan Balai Bahasa kanthi *kode* R02263.

*Serat Candramemet* ingkang kapanggihaken wonten ing katalog menika lajeng dipunpilih satunggal *eksemplar* ingkang kasimpen ing *Perpustakaan* Rumah Budaya Tembi kanthi irah-irahan *Serat Candramemet. Serat Candramemet* wonten ing *perpustakaan* Pakualaman boten dipunpilih amargi serat menika kanyata boten wonten, wondene naskah ingkang kasimpen ing Perpustakaan Tembi saha Perpustakaan Balai Bahasa menika sami isinipun.

*Naskah Serat Candramemet* kedah dipunlestantunaken amargi danguning dangu saged risak. Menawi *naskah*-ipun risak, isining teks *Serat Candramemet* boten saged kawaos, menapa malih dipunmangretosi wosipun. Pramila, *Serat Candramemet* kedah dipunlestantunaken kanthi panaliten *filologi*.

*Filologi* inggih menika ngelmi ngengingi bab *karya tulis* kanthi dhapukan gancaran, sekar, saha *drama* ingkang kaandharaken gayut kaliyan bab basa, kasusastran, saha kabudayan (Baroroh-Baried,1985: 1). Panaliten menika gadhah ancas supados tiyang ingkang maos saged mangretosi bab wosing *Serat Candramemet* ingkang dipungayutaken kaliyan pagesangan kala rumiyin saha

samenika. Panaliten menika katindakaken kanthi lampahing panaliten *filologi*. Urut-urutanipun lampahing panaliten menika makaten (1) *inventarisasi naskah,* (2) *deskripsi naskah,* (3) ndamel *transliterasi teks,* (4) ndamel *suntingan teks,* (5) ndamel *terjemahan teks.*

Wondene, lampahing panaliten menika kawiwitan saking maos *teks Serat Candramemet* lajeng nyerat *inventarisasi* saha *deskripsi naskah*-ipun. Salajengipun lampahing panaliten menika ndamel *alih tulis teks Serat Candramemet* kanthi *metode transliterasi standar.* Sasampunipun *alih tulis* inggih menika ndamel *suntingan teks.* Lampahing panaliten *filologi* ingkang pungkasan inggih menika ndamel *terjemahan teks Serat Candramemet. Teks Serat Candramemet* ugi perlu dipundamel *terjemahan* utawi alih basanipun, kanthi pangangkah supados isining *teks Serat Candramemet* dipunmangretosi dening pamaos ingkang boten mangretos basa Jawi.

Wonten tigang pawadan ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken *Serat Candramemet* minangka *objek* panaliten. Pawadan kaping satunggal, inggih menika *Serat Candramemet* kaserat kanthi dhapukan *prosa* (gancaran). Pramila, *Serat Candramemet* badhe langkung gampil dipuntliti tinimbang *teks* ingkang kaserat kanthi dhapukan *puisi* (sekar).

Pawadan ingkang kaping kalih, inggih menika *Serat Candramemet* ngewrat bab ngelmi sangkalan. Sangkalan menika dipunperang dados kalih inggih sangkalan lamba saha sangkalan memet. Sangkalan ingkang limrah dipunginakaken inggih menika sangkalan lamba, boten kathah ingkang ngandharaken kanthi rinci bab sangkalan memet kados serat menika.

Pawadan ingkang kaping tiga, inggih menika *Serat Candramemet* kapetang naskah kina ingkang dereng nate dipunbedhah mawi ngelmu *filologi. Serat candramemet* menika kaserat rikala taun Jawi 1855 wonten ing Surakarta. Kanthi makaten, *Serat Candramemet* kedah dipunlestantunaken kanthi panaliten *filologi* murih isinipun saged kawedhar wonten ing masyarakat.

## B. Underaning Prakawis

Gegayutan andharan ing dhasaring panaliten ing nginggil, nuwuhaken prakawis-prakawis ingkang badhe kaandharaken. Prakawis-prakawis ingkang wonten gayutanipun kaliyan *Serat Candramemet* katata kados ing ngandhap menika.

1. *Serat Candramemet* minangka bukti seratan pujangga.
2. *Inventarisasi naskah Serat Candramemet.*
3. *Deskripsi naskah Serat Candramemet.*
4. *Transliterasi teks Serat Candramemet.*
5. *Suntingan teks Serat Candramemet.*
6. *Terjemahan teks Serat Candramemet.*
7. Gegaran sangkalan ing *Serat Candramemet.*

## C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis wonten ing nginggil, prakawis wonten ing panaliten menika kedah dipunwatesi, inggih watesaning prakawis katata kados ing ngandhap menika.

1. *Inventarisasi naskah Serat Candramemet*.
2. *Deskripsi naskah Serat Candramemet*.
3. *Transliterasi teks Serat Candramemet*.
4. *Suntingan teks Serat Candramemet*.
5. *Terjemahan teks Serat Candramemet.*
6. Ngandharaken gegaran sangkalan ing ing *Serat Candramemet*.

## D. Wosing Prakawis

Jumbuh kaliyan andharan watesaning prakawis ingkang sampun sinerat ing nginggil menika. Wosing prakawis ing panaliten menika saged dipunrantam kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi *inventarisasi naskah Serat Candramemet*?
2. Kadospundi *deskripsi naskah Serat Candramemet*?
3. Kadospundi *transliterasi teks Serat Candramemet*?
4. Kadospundi *suntingan teks Serat Candramemet*?
5. Kadospundi *terjemahan teks Serat Candramemet*?
6. Kados menapa kemawon andharan gegaran sangkalan ing ing *Serat Candramemet*?

## E. Ancasing Panaliten

Ancasipun panaliten menika adhedhasar saking wosing panaliten ing nginggil. Wondene ancasipun panaliten menika katata kados ing ngandhap menika.

1. Damel *inventarisasi naskah Serat Candramemet*.
2. Damel *deskripsi naskah Serat Candramemet.*
3. Damel *transliterasi teks Serat Candramemet.*
4. Damel *suntingan teks Serat Candramemet.*
5. Damel *terjemahan teks Serat Candramemet.*
6. Ngandharaken sengkalan ingkang kawrat ing *Serat Candramemet*.

## F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaangkah sageda wonten paedahipun kanthi *teoritis* saha *praktis*. Wondene paedah *teoritis* saha *praktis* panaliten menika katata kados ing ngandhap menika.

1. Paedah *Teoritis*

   Wonten tataran paedah *teoritis*, panaliten menika saged ngandharaken *wawasan* ngengingi *objek* panaliten, inggih menika sangkalan ingkang kaandharaken ing *Serat Candramemet*.

*2.* Paedah *Praktis*

a. Panaliten menika kaangkah saged nambah wawasan bab sangkalan ingkang kaandharaken ing *Serat Candramemet*.
b. Asiling *suntingan teks Serat Candramemet* kaangkah saged nggampilaken anggenipun maos *Serat Candramemet.*
c. Asiling *terjemahan teks Serat Candramemet* kanthi ngginakaken basa Indonesia kaangkah saged nggampilaken pamaos kangge mangretosi isining *Serat Candramemet* tumrapipun ingkang boten mangretosi paham basa Jawi.

## G. Pangretosan Tembung-tembung ing Irah-irahan

1. Sangkalan = inggih menika lambang/sasmita katrangan angka taun minangka tetenger utawi pepenget ing salebetipun tetembungan utawi ukara.
2. *Kajian Filologi* = Kajian inggih menika kasilipun saking *mengkaji*. Filologi inggih menika ngelmi ngengingi bab sastra-sastra ingkang kaandharaken gayut kaliyan bab basa, bab sastra, saha bab budaya (Baroroh-Baried,1985: 1).
3. *Naskah* = inggih menika barang *konkret* awujud seratan tangan ingkang nyimpen maneka-warni *gagasan* minangka asiling budaya pagesangan jaman rumiyin (Baroroh-Baried,1985: 4).
4. *Serat Candramemet = serat Candramemet* menika kasimpen ing perpustakaan Rumah Budaya Tembi Yogyakarta kanthi nomer *inventaris* 2363/LSJ/HD/2000. *Serat Candramemet* menika ngewrat kawruh bab caranipun nyerat sangkalan, mliginipun kawruh anggenipun nyerat sangkalan memet.

# BAB II
# GEGARAN *TEORI*

## A. Tegesipun *Filologi*

*Filologi* inggih menika ngelmi ngengingi bab sastra-sastra ingkang kaandharaken gayut kaliyan bab basa, bab sastra, saha bab budaya (Baroroh-Baried,1985: 1). Salajengipun, Baroroh-Baried (1985: 1) ugi ngandharaken bilih tembung *filologi* menika *istilah* saking basa Yunani. Tembung *Filologi* kadhapuk saking kalih tembung inggih menika tembung "philos" ingkang tegesipun '*cinta*' saha tembung "logos" ingkang tegesipun '*kata*' ugi ateges '*suka berbicara*'. Kanthi andharan menika *filologi* sacara *harfiah* ngemu teges '*cinta kata'* (Djamaris, 2002: 6). Andharan menika jumbuh kaliyan pangretosan *filologi* sacara *harfiah* inggih menika tresna dhateng tetembungan (Robson,1988: 9).

*Filologi* inggih menika ngelmu ingkang nyinaoni bab ingkang gayut kaliyan jiwa satunggaling bangsa saha mliginipun, utawi ingkang nyinaoni kabudayan adhedhasar basa saha bab ingkang gayut kaliyan sastranipun (Fakultas dan Sastra Kebudayaan UGM,1977: 27). Djamaris (2002: 3) ugi ngandharaken bilih *filologi* inggih menika satunggaling ngelmu ingkang *objek* panalitenipun inggih menika *naskah-naskah* lami.

Wondene kanthi langkung jangkep, Djamaris (2002: 7) ngandharaken bilih filologi boten namung ngrembag bab kritik teks sarta panyaruwe kemawon, nanging ugi ilmu ingkang kangge nliti kabudayan satunggaling bangsa adhedhasar naskah. Saking pangretosan filologi saged dipunmangretosi dhasaring kabudayan kadosta kapitadosan, adat, *pandangan hidup* satunggaling bangsa. Salajengipun,

ngengingi sadaya bab pangretosan *filologi* ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *filologi* inggih menika satunggaling ngelmi ingkang dipunginakaken kangge panaliten naskah ingkang ancasipun kangge mangretosi pagesangan jaman rumiyin. Ingkang kawastanan *naskah* inggih menika sadaya anggitan ingkang taksih sinerat mawi tangan ingkang kaserat ing ron tal (lontar), daluwang, saha daluwang saking Eropa (Baroroh-Baried, 1985: 54).

*Naskah* menika dipuntliti wonten ancasipun, miturut Djamaris (2002: 9) ngandharaken kanthi ngginakaken ancasipun panaliten *filologi.* Ancasipun menika kaandharaken ing ngandhap menika.

*a.* Nemtokaken *teks* ingkang asli *(autografi), teks* ingkang celak kaliyan asli (*arketip),* utawi *teks* ingkang gadhah wibawa *(autoritatif)*.
*b. Transliterasi teks* menika njagi wetahipun/*ciri khusus* tata panyeratipun tembung saha nerjemahaken *teks* ingkang sinerat saking basa daerah dhateng basa Indonesia.
c. Nyunting *teks* menika kanthi landhesan pedoman ejaan yang berlaku.
d. Ngandharaken *kedudukan* saha *fungsi naskah* saha *teks* ingkang dipunteliti supados saged mangretos papanipun karya sastra ingkang dipunteliti wonten kelompok utawi jinis sastra ingkang pundi saha menapa mumpangat saha paedahipun karya sastra menika.

Sarujuk kaliyan pamanggihipun Djamaris bab ancasipun panaliten *filologi,* Baroroh-Baried (1985: 5) ngandharaken ancasipun panaliten *filologi*. Pamanggihipun kados ing ngandhap menika.

a. Ancas *umum filologi*
1. Mangretosi kabudayan satunggaling bangsa lumantar saking asiling karya sastra, ingkang awujud lesan menapa dene seratan.
2. Mangretosi makna saha *fungsi teks* kangge masarakat ingkang nganggit.
3. Ngandharaken *nilai-nilai* budaya jaman rumiyin minangka *alternatif perkembangan* kabudayan. Wondene ancas *filologi* ingkang *khusus* inggih menika.
4. Nglestantunaken *nilai-nilai* budaya.

b. Ancas *khusus filologi*
1. damel *suntingan* satunggaling *teks* ingkang paling celak kaliyan *teks* aslinipun.

2. ngandharaken sejarah mula bukanipun *teks* saha sejarah mekaring *teks.*
3. ngandharaken *resepsi* pamaos wonten ing jamanipun

Andharaning Djamaris kaliyan Baroroh-Baried bab ancasipun panaliten *filologi* saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika ngandharaken mula bukaning *teks*, damel *suntingan teks*, saha ngandharaken mumpangat saha paedahipun karya sastra menika.

Sasanesipun menika, Karsono (2008: 79) ngandharaken bilih ancas pungkasan *studi filologi* inggih menika ngandharaken *edisi teks* ingkang saged dipunwaos kangge mapinten-pinten bab, saged ugi bab *praktis* ugi bab *akademis*. Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika *filologi* nemtokaken teks ingkang dipuntliti, ndamel *transliterasi teks naskah*, ndamel *terjemahan teks naskah*, ndamel *suntingan teks* saha ndamel *kritik teks*, mangretosi kabudayan saking asiling sastranipun, ugi mangretosi makna tuwin ancasipun nliti *teks* kangge masarakat.

Wonten *sikap pandang* ngengingi *variasi* salebeting *teks-teks* ingkang kawrat wonten *naskah*¸ inggih menika *aliran filologi tradisional* saha *aliran filologi modern* (Mulyani, 2009: 6). Andharan ngengingi *aliran filologi* menika saged kawaos wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 1: **Bedanipun *filologi tradisional* saha *filologi modern***

| *Filologi Tradisional* | *Filologi Modern* |
|---|---|
| *Aliran filologi tradisional* menika *memandang variasi sebagai bentuk korup.* Ancasing *aliran filologi tradisional* inggih menika kangge manggihaken induk *teks* utawi wujud ingkang paling celak kaliyan aslinipun. | *Aliran filologi modern* menika *memandang variasi sebagai bentuk kreasi.* Ancasing *filologi modern* inggih menika kangge nemtokaken makna *kreasi* wonten ing *variasi.* |

*Filologi modern* menika saged nampi bilih wontenipun *varian* (turunan/tedhakan) ingkang kenging ugi dipunsebut *kembaran* saking satunggaling seratan. *Varian* turunan/tedhakan menika saged dipuntampi minangka *alternatif* ingkang *positif* (asipat sae). *Varian-varian* kasebut dipunanggep minangka asiling karya seratan ingkang *kreatif* kangge mangretosi *teks*, ngandharaken isining *teks*, ngleresaken bab ingkang lepat dipungayutaken kaliyan ngelmi basa, sastra, budaya, agami, sarta *tata politik* ingkang salajengipun dipunsebut *filologi modern.*

Njagi wetahipun *otentitas teks* sami kados menapa wontenipun sakawit, kalebet ugi saged nampi *otentitas teks* sawetahipun menika minangka tanggel jawab panaliti *filologi modern*. *Teks Candramemet* ngandharaken bilih tata panulising sangkalan memet menika kanyata saged migunakaken mapinten-pinten cara. Bab menika tinaliti kanthi pangajab kangge mangretosi *relevansi* tumrap pagesangan samenika mawi ngelmi *filologi modern*.

**1. *Objek* Panaliten *Filologi***

*Objek* panaliten *filologi* menika kaperang dados kalih inggih menika *teks* saha *naskah.* Pangretosan *teks* saha *naskah* menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. *Naskah***

*Naskah* inggih menika warta ingkang ngewrat bab kasiling budaya saking *teks klasik* ingkang saged dipunwaos wonten warisan ingkang arupi seratan (Baroroh-Boried, 1985: 4). *Naskah* inggih menika sadaya seratan carik (Robson, 1994: 26). Sadaya seratan carik menika kasebut *naskah* utawi *handschrift;*

*manuscript* (Baroroh-Baried, 1985: 54). Andharan menika gayut kaliyan andharanipun Baroroh-Baried (1985: 54), bilih *naskah* menika ngewrat mapinten-pinten bab ingkang mujudaken wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin.

*Naskah* inggih menika anggitan utawi seratan ingkang taksih kaserat mawi tangan (carik), inggih ingkang taksih asli menapa dene *salinan*-ipun (Poerwadarminta lumantar Darusuprapta, 1984: 1). Sulastin-Sutrisno (1981: 21) ngandharaken bilih *naskah-naskah sastra* inggih menika tilaran kabudayan ingkang ngewrat bab pagesangan satunggaling bangsa jaman rumiyin. Saking andharan wonten ing nginggil saged kadamel dudutanipun bilih *naskah* menika seratan ingkang wujudipun seratan asta utawi *salinan*-ipun ingkang ngrewat mapinten-pinten bab ingkang mujudaken wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin .

Adhedhasar pangretosan *naskah* ing nginggil, ingkang dados *objek* panaliten menika *naskah Serat Candramemet*. *Naskah Serat Candramemet* ingkang dipunginakaken awujud seratan cithak amargi boten dipunpanggihaken seratan astanipun. Wondene andharan ngengingi *teks naskah Serat Candramemet* kaandharaken ing perangan pangretosan *teks*.

**b. *Teks***

*Teks* inggih menika reroncening tetembungan ingkang mujudaken waosan kanthi isi tartamtu utawi andharan ingkang kawrat ing salebeting naskah (Mulyani, 2009: 2). *Teks* ugi dipuntegesi minangka andharan ingkang nambahi seserepan ngengingi kabudayan satunggaling bangsa wonten ing jaman rumiyin,

ingkang dipunandharaken kanthi lesan utawi seratan. *Teks* menika sipatipun *abstrak* (Baroroh-Baried, 1985: 4).

Miturut sarana kangge ngandharaken *teks* menika wonten warni tiga, inggih menika (1) awujud lesan kasebut *teks* lesan, (2) awujud seratan carik kasebut *teks naskah* seratan carik, saha (3) awujud seratan cithak kasebut *teks* citak. Wondene ngelmi ingkang kangge nyinaoni menapa kemawon ingkang bab *teks* kasebut *tekstologi*. Saking andharan wonten ing nginggil saged kadamel dudutan bilih *teks* menika ingkang kawrat wonten ing salebeting *naskah*, ingkang sipatipun *abstrak*. *Teks* menika dipunandharaken kanthi lesan utawi seratan. Wondene *teks naskah Serat Candramemet* kaandharaken kanthi sinerat.

*Teks naskah Serat Candramemet* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika wonten satunggal *eksemplar*. Satunggal *eksemplar* menika ingkang kasimpen ing *perpustakaan* Rumah Budaya Tembi ingkang katranganipun mawi irah-irahan *Serat Candramemet* nomer *inventaris* 2363/LSJ/HD/2000.

*Teks-teks* ingkang kaandharaken ing *naskah* Jawi menika maneka warni. *Naskah* Jawi ugi kaserat mawi aksara ingkang maneka warni. Wujud aksara ingkang maneka warni, miturut Ismaun (1996: 1) kaperang dados sakawan, ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Mbata sarimbag: wujuding aksara Jawanipun kados dene wujudipun banon, aksara menika kathah kapanggihaken ing samaking buku saha *prasasti.*
b. Ngetumbar: wujuding aksara perangan nginggilipun bunder kados tumbar.
c. Mucuk eri: wujuding aksara perangan nginggil lancip kados dene eri, aksara menika kathah kapanggihaken ing *naskah* utawi *manuskrip*.
d. Kombinasi: wujuding aksaranipun kombinasi saking tigang wujud seratan aksara Jawa, inggih menika wujud aksara Jawa mbata sarimbag, ngetumbar, saha mucuk eri.

Dipuntingali saking wujud aksaranipun, aksara Jawa ingkang dipunginakaken kangge nyerat *teks Serat Candramemet* inggih menika ngetumbar. Perangan menika adhedhasar saking wujud pucuking aksara Jawa ingkang dipunginakaken menika awujud satengah bunder.

## B. Urut-urutan Lampahing Panaliten *Filologi*

Isining satunggaling *naskah* saged kaandharaken kanthi sarana panaliten *filologi*. Wondene urut-urutaning panaliten *filologi* menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

### 1. *Inventarisasi Naskah*

*Inventarisasi naskah* inggih menika lampahing panaliten *filologi* kangge mangretosi cacahing *naskah*, inggih *naskah* babon utawi salinan. Kalajengaken *studi katalog* inggih menika nyerat papan panyimpening *naskah* ing perpustakaan. *Inventarisasi naskah* dipuntindakaken kanthi pangangkah kangge mangretosi gunggungipun *naskah* saha papan wontenipun *naskah* ingkang dados *sumber* panaliten. *Inventarisasi naskah* inggih menika nyerat sadaya *naskah* kanthi irah-irahan sami ingkang kapanggihaken.

Djamaris (2002: 10) ngandharaken bilih wonten kalih cara kangge ngempalaken *data*. Wondene kalih cara ngempalaken *data* menika kados makaten.

a. *metode studi pustaka* inggih menika madosi *naskah* kanthi cara *studi katalog*. Ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika adhedhasar *studi katalog*, ancasipun supados saged manggihaken *naskah* ingkang dados *objek* panaliten.
*b.* *metode studi lapangan. Naskah* menika boten namung kasimpen wonten ing perpustakaan saha museum kemawon, nanging ugi saged dipunsimpen dening *perorangan* mujudaken *koleksi pribadi*. *Metode studi lapangan* menika kangge lampah ngempalaken *data*.

*Serat Candramemet* dipunpadosi lumantar *studi katalog* ingkang wonten ing *perpustakaan-perpustakaan* utawi papan-papan panyimpenaning *naskah*. *Inventarisasi naskah Serat Candramemet* kaandharaken ing bab III, *sub-bab teknik* ngempalaken *data* wonten perangan *inventarisasi naskah*.

Ancasing *inventarisasi naskah* inggih menika kangge mangretosi gunggung saha kawontenanipun *naskah* ingkang dipundadosaken *sumber data* panaliten. Asiling *inventarisasi naskah* inggih *daftar* ngengingi gunggungipun *naskah* (*sekorpus*) antawisipun irah-irahan *naskah*, nomer *koleksi*, gunggungipun *naskah* saha wonten ing pundi kemawon *naskah* kasimpen, panyerating *naskah*, gunggunging kacanipun utawi *teks* ing *naskah*, sarta nama panganggitipun.

**2. *Deskripsi Naskah***

*Deskripsi naskah* inggih menika satunggalipun usaha ngandharaken mawi katrangan saha gegambaran ingkang cetha kanthi seratan *informatif* ngengingi kawontenan wadhag saha isinipun *naskah* ingkang dados *objek* panaliten. *Deskripsi naskah* inggih menika andharan kangge nggambaraken utawi njlentrehaken kawontenaning *naskah* kajumbuhaken kaliyan kawontenan menapa wontenipun (Mulyani, 2011: 6). Salajengipun, *deskripsi naskah* menika lampahing panaliten *filologi* kangge ngandharaken kawontenan *naskah fisik* saha *non-fisik (teks)* kanthi andharan ingkang rinci saha cetha (Djamaris, 1977: 26).

*Deskripsi naskah* menika dipunginakaken kangge mangretosi kawontenaning *naskah* kanthi umum (Zaidan, 2002:14). Kanthi *deskripsi naskah* pamaos saged mangretos kawontenaning *naskah* kasebut pramila boten kapanggih *naskah*-ipun nanging sampun mangretos *gambaran*-ipun kadospundi *naskah*-ipun.

*Deskripsi naskah* menika wonten pandomipun. Darusuprapta (1991:1-2) mratelakaken bab ingkang kedah wonten ing seratan *deskripsi naskah* kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Papan panyimpenaning *naskah*, inggih menika andharan ingkang ngewrat bab sinten ingkang nyimpen (pribadi, pamarintah, menapa swasta). Wonten ing pundi, *nomer kodeks*-ipun pinten.
2) Irah-irahipun menapa, kaserat wonten ing pundi, kaserat piyambak dening panyeratipun, menapa kanthi andharan saking tiyang sanes, serataning irah-irahan wonten ing salebeting *naskah* menapa wonten ing salah satunggaling *naskah*.
3) sinten ingkang nyerat, kapan dipunserat, wonten ing pundi *naskah* dipunserat.
4) samak, samaking naskah kadamel saking menapa, menapa saking wacucal, kerdhus, lajeng kadospundi kawontenaning samak peranganing ngajeng saha perangan wingking.
5) Jilidan, kadospundi menggah jilidanipun, dipundondomi menapa boten.
6) Ukuraning *naskah* kadospundi, ukuran wiyar saha panjangipun pinten, kandelipun pinten.
7) Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar, saha panjangipun pinten.
8) Seratan, jinising aksara ingkang kaginakaken kangge nyerat *teks* menapa kemawon, kadospundi menggah ukuraning aksara.
9) Rerenggan, menapa wonten rerengganipun, menawi wonten kaserat ing pundi kemawon, kadospundi menggah wujudipun, kaserat utawi kagambar mawi mangsi menapa kemawon, wonten gayutipun kaliyan andharaning *teks* menapa boten.
10) *Manggala*, menapa wonten *manggala*-nipun, menawi wonten isinipun ngandharaken bab menapa kemawon, kaserat dening ingkang kagungan gagasan menapa tiyang sanes.
11) *Kolofon*, menapa wonten *kolofon*-ipun, menawi wonten isinipun ngandharaken bab menapa, kaserat dening ingkang kagungan gagasan menapa tiyang sanes.
12) Dhapukan, kadospundi menggah dhapukaning *teks*, menapa kadhapuk kanthi dhapukan gancaran, sekar, pawicantenan utawi *drama*, menapa *kombinasi*.
13) Tandha pamaos, ngginakaken tandha pamaos menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, kaserat mawi mangsi menapa kemawon, wujuding tandha kadospundi, menapa wonten panandha sanesipun, saha kaginakaken kangge menapa kemawon.
14) Isi, isining *teks* menapa jangkep menapa kirang.
15) Jinis, kalebet ing golonganing jinis *manuskrip* menapa.
16) Basa, ngginakaken *ragam* basa menapa kemawon, kadospundi menggah basa ingkang dipunginakaken, mawi basa baku menapa campuran, menapa wonten basa sanesipun sinaosa namung cuplikan.

17) Cathetan, menapa wonten cathetan ing salebeting *teks* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *teks*, menawi wonten kaserat ngantos pinten kaca, wonten ing kaca pundi kemawon, kadospundi menggah isi andharaning cathetan.

Asiling *deskripsi* menika ngandharaken kawontenaning *naskah* kanthi cetha saha rinci. Adhedhasar katrangan *deskripsi naskah* ing inggil, bab-bab ingkang dipunandharaken saking *naskah Serat Candramemet* inggih menika papan panyimpening *naskah*, nomer *koleksi*, irah-irahan, kawontenaning *naskah*, ukuraning *naskah*, ukuraning *margin naskah*, saha kandelipun *naskah*. Salajengipun, samak *naskah*, jinis bahan *naskah*, isining *naskah*, wujud *teks*, gunggunging pupuh, namaning pupuh, gunggunging pada, jinising *naskah*, jinising aksara, *sikap*-ing aksara, ukuraning aksara, wujuding aksara, tandhesing seratan aksara, warnining mangsi, saha basanipun *teks*.

*Naskah Serat Candramemet* ugi dipunandharaken gunggunging gatra saben kacanipun, ukuran *teks*-ipun, panomeranipun kaca, gunggungipun kaca ingkang katliti, gunggung kaca ingkang boten wonten angkanipun, cathetan dening priyantun sanes saha cathetan ing sajawining *teks*. Andharan ngengingi kawontenaning *naskah Serat Candramemet* ingkang langkung jangkep kaandharaken ing *bab* III, *sub-bab instrumen* panaliten. Sasampunipun ngandharaken kawontenaning *naskah*, garapaning panaliten salajengipun inggih menika ndamel alih tulis.

### 3. *Alih Tulis Teks*

*Alih tulis teks* kaperang dados kalih inggih menika *transkripsi* saha *transliterasi teks*. Pangretosan alih tulis wonten ing salebeting *Kamus Istilah Filologi* (1977) dipunandharaken ing ngandhap menika.

*Transkripsi* tegesipun ewahing *teks* saking satunggaling aksara dhateng aksara sanes, kanthi ancas suka tuladha waosipun basa satunggaling aksara. Wondene, *transliterasi* tegesipun ewahaning *teks* saking satunggaling seratan dhateng seratan sanes utawi alih aksara.




***bagan* 1. *Alih tulis teks***

Saking *bagan* wonten ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih *alih tulis* dipunperang dados kalih inggih menika *transliterasi* saha *transkripsi*. *Transliterasi* menika kaperang dados kalih *metode* inggih menika *transliterasi diplomatik* saha *transliterasi standar*. *Metode Transkripsi* ugi kaperang dados kalih inggih menika *transkripsi diplomatik* saha *transkripsi standar*.

*Alih tulis* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika *transliterasi standar*. Salajengipun, *transliterasi teks* dipunlajengaken ndamel

*suntingan teks*. Andharan bab *transliterasi* saha *suntingan teks* kaserat ing ngandhap menika.

*Transliterasi* inggih menika ngewahi jinis seratan, satunggaling aksara, saha satunggaling abjad dhateng abjad sanesipun (Baroroh-Baried, 1994: 63). *Transliterasi* menika kaperang dados kalih inggih menika *transliterasi diplomatik* saha *transliterasi standar*. *Transliterasi diplomatik* miturut Mulyani (2011:106) inggih menika cara anggenipun damel alih tulis serataning *teks* ingkang kaserat menapa wontenipun kados dene serataning *teks*-ipun kanthi aksara ingkang beda.

Wonten ing *transliterasi diplomatik* menika *alih tulis* menapa wontenipun *teks*, boten dipuntambahi menapa malih dipunkurangi. *Transliterasi diplomatik* boten ditrepaken kaliyan *ejaan* ingkang sampun sampurna (EYD). Ancasipun ngginakaken *transliterasi diplomatik* inggih menika suka gambaran utawi *deskripsi* ingkang langkung gamblang bab sadaya wujud *teks* kanthi menapa wontenipun.

*Transliterasi standar* inggih menika cara anggenipun damel *alih tulis* kanthi adhedhasar *ejaan* ingkang dipunsampurnakaken utawi *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)* ingkang taksih dipunginakaken. Garapan wonten ing *transliterasi standar* menika kajumbuhaken kaliyan *Ejaan yang Disempurnakan (EYD).* Ancas ngginakaken *transliterasi standar* inggih menika supados kasilipun seratan saged langkung gampil dipunwaos ugi saged langkung gampil dipunmangretosi dening pamaos.

Wonten ing panaliten menika, metode *transliterasi* ingkang dipunginakaken kangge *transliterasi teks Candramemet* inggih menika

*transliterasi standar* saking aksara Jawa dhateng aksara Latin. *Transliterasi* menika dijumbuhaken kaliyan *ejaan* ingkang sampun sampurna (EYD). Kasilipun *transliterasi standar* menika dados dhasar *suntingan teks.* Anggenipun ndamel *alih tulis* ugi ngginakaken tandha-tandha ingkang ancasipun dipunginakaken kangge nyunting aksara utawi tembung kaandharaken ing *sub-bab aparat kritik.*

**4. *Suntingan Teks* saha *Aparat Ktitik***

Lampahing panaliten *filologi* ingkang salajengipun inggih menika *suntingan teks* saha *aparat kritik*. *Suntingan teks* inggih menika ngleresaken seratanipun teks miturut pandom ingkang lumampah. *Aparat kritik* inggih menika wujud tanggel jawab panaliti dhateng *suntingan* ingkang sampun kadamel. Wondene pangretosanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

***a. Suntingan Teks***

*Teks* menika ugi wonten seratanipun ingkang lepat, inggih lepat anggenipun nyerat aksara saha klentu anggenipun nyerat tetembungan saengga nndadosaken tegesing tembung ingkang boten kontekstual. Pramila saking menika seratan ingkang dados cacadipun *teks* kedah dipuntliti lajeng dipundamel *suntingan*-ipun.

*Metode suntingan teks* menika wonten kalih, inggih menika *metode diplomatik* saha *metode kritis*. *Metode diplomatik* menika cara ingkang nedahaken boten ngewahi *otentitas teks* kados punapa kawontenanipun sakawit. Kosokwangsulipun, m*etode kritis* inggih menika cara ingkang saged ngewahi *otentitas teks* supados nuhoni paramasastra ingkang sah minangka paugeraning tata basa ing wekdal samenika. Sadaya *suntingan* dipunserat wonten ing papan

tartamtu, supados saged dipuntingali saha dipuntandhingaken kaliyan waosaning *naskah* satemah pamaos saged mangretosi kajengipun *suntingan* menika.

Wonten ing panaliten menika *suntingan teks naskah Serat Candramemet* ngginakaken *metode suntingan kritis*. Cacadipun *naskah Serat Candramemet* menika dipunewahi saengga pamaos saged mangretosi leresipun.

***b. Aparat Kritik***

*Aparat kritik* (*apparatus criticus*) inggih menika tanggel jawab saking *suntingan teks naskah Serat Candramemet* ingkang sampun kadamel. *Aparat kritik* minangka *pertanggungjawaban ilmiah* saking *kritik teks* ing salebeting *suntingan teks* utawi ngandharaken *teks* ingkang sampun resik *teks*-ipun boten wonten ingkang *korup* (Mulyani, 2009: 29). *Aparat kritik* menika wonten tandha-tandha ingkang kangge ngirangi, nambah, utawi nggantos aksara wonten ing *teks*.

*Aparat kritik* dipunginakaken kangge ngandharaken titikaning sadaya wujuding *suntingan*. Wujud *suntingan* kasebut, inggih menika ngirangi aksara utawi tembung saha nambahi aksara utawi tembung minangka *pertanggungjawaban ilmiah* salebeting panaliten *naskah*. Wonten ing *aparat kritik* kaserat cathetan-cathetan saking suntingan teks ingkang saged katindakaken kanthi ngirangi, nambahi, saha nggantos aksara utawi tembung kedah dipunserat ing *aparat kritik*.

*Aparat kritik* ing panaliten menika ngginakaken tandha-tandha ingkang dipunginakaken kangge ewah-ewahan aksara utawi tembung wonten ing *naskah*. Tandha-tandha ingkang dipunginakaken wonten ing *naskah* inggih menika.

a. {.....} : dipunginakaken kangge ngirangi aksara utawi tembung.

b. <..... > : dipunginakaken kangge nggantos aksara utawi tembung.

c. (.....) : dipunginakaken kangge nambah aksara utawi tembung.

d. Panomeran *aparat kritik* ngginakaken angka Arab (..[1], ..[2], ..[3], lsp).

### *5. Terjemahan Teks*

*Terjemahan teks naskah Serat Candramemet* inggih menika ngewahi basaning *teks Serat Candramemet* inggih menika basa Jawi dhateng basa *sasaran*-ipun inggih menika basa Indonesia. *Terjemahan* dipuntindakaken kanthi cara nggantos basa satunggal dhateng basa sanes utawi nggantos makna basanipun *teks sumber* dhateng basanipun *sasaran* (Mulyani, 2009: 32). Ancasing *terjemahan teks* miturut andharanipun Darusuprapta (1984: 9), inggih menika supados masarakat ingkang dereng nguwaosi basa *naskah* asli saged mangretos wosing *naskah*. Ing panaliten menika basa *sasaran* ingkang dipunpilih inggih menika basa Indonesia. Kanthi makaten, tamtu kemawon pangajabipun supados sasanesipun tiyang Jawi ingkang boten mangretos dhateng basa Jawi tetep saged mangretosi isinipun serat kanthi abasa Indonesia.

Bab-bab ingkang kedah dipungatosaken menawi damel *terjemahan* wonten tigang warni. Miturut Darusuprapta (1984:9) ingkang kedah dipungatosaken inggih menika:

1. Paham saestu ngengingi basa *sumber*-ipun.
2. Paham saestu ngengingi basa *sasaran*.
3. Paham saestu ngengingi kawontenan pagesanganing masyarakat rikala *teks* dipunserat.

Sasnesipun ngandharaken bab-bab ingkang kedah dipungatosaken menawi damel *terjemahan,* Darusuprapta (lumantar Mulyani, 2009: 28) ugi ngandharaken bilih wonten tigang *metode terjemahan* kados ing ngandhap menika.

1. *Terjemahan Harfiah* : inggih menika ngewahi basa saking basa *teks* kanthi ndamel *terjemahan*-ipun saben tembung–tembungipun dipunewahi dados basa *sasaran*, nanging taksih miturut urutan andharaning *teks*.
2. *Terjemahan isi* utawi *makna*: inggih menika ngewahi basa saking basaning *teks* kanthi damel *terjemahan*-ipun saben tembung-tembung ing basa *sumber* ka*terjemah*aken dados tembung-tembung ing basa *sasaran* ingkang jumbuh.
3. *Terjemahan* bebas: inggih menika ngewahi basa saking basaning *teks* utawi basa *sumber* dipun*terjemah*aken dados basa *sasaran*.

Adhedasar andharan ing nginggil, panaliten menika ngginakaken *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi,* saha *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* menika kangge ngewahi basa *teks* dhateng basa *sasaran*. *Terjemahan harfiah* menika *terjemahan* ingkang ngginakaken *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) saha *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* (Mardiwarsito, 1981) kangge mangretosi seratan saha tegesipun tembung-tembung wonten *naskah Serat Candramemet*.

*Metode* salajengipun ingkang dipunginakaken menawi *terjemahan harfiah* boten saged kangge negesi tetembungan ing teks inggih menika *metode terjemahan isi*. Tembung-tembung ing *Serat Candramemet* menika dipundamel *terjemahan isi* utawi makna. Salajengipun, menawi tembung-tembung ing *Serat Candramemet* boten saged dipun-*terjemah*-aken ngginakaken *metode isi* salajengipun panaliten menika ngginakaken *metode terjemahan bebas*. Kasilipun

*terjemahan harfiah*, *terjemahan isi,* saha *terjemahan bebas* menika dipungarap kanthi *kontekstual*.

**C. Sangkalan *Candramemet***

Sangkalan menika boten namung sangkalan lamba kemawon, nanging ugi wonten sangkalan memet. Bratakesawa (1962:151) ngandharaken bilih sangkalan dipuntingali saking *segi etimologi* inggih menika:

sangkalan : sangkala + an > sangkalan,

dados sangkalan amargi kajumbuhaken kaliyan *hukum sandi*

sangkala, lajengipun dados ewah dados sengkalan

sangkala : nama tiyang, yaiku Ajisaka taksih anem.

Wonten pangretosan tembung sangkalan sanes. Miturut Prawiradisastra, 1987/1988; Padmosoekotjo, 1960 (lumantar Mulyani, 2011: 54) ngandharaken bilih,

> Tembung sengkalan menika asalipun saking tembung śaka saha kāla. Śaka utawi Caka menika namaning bangsa India. Śakakāla inggih menika rikala wonten golonganing ratu saka (caka) ingkang jumeneng ing India sisih kidul, dipun-pengeti taun saka 1, ing taun Masehi 78. Tahun saka saha tahun Masehi menika sami dene adhedhasar petangan lampahing surya. Taun Saka menika taksih kangge petangan ing bali ngantos sapriki.

Sangkalan menika wonten kalih inggih menika sangkalan lamba saha sangkalan memet (Maryono, 2006: 15). Limrahipun, ingkang dipunwastani sangkalan menika wujudipun namung tetembungan rinonce saha dipuntegesi minangka sulihipun angka taun.

Tuladhanipun sangkalan lamba inggih menika tetembungan “sirna ilang kertaning bumi” minangka tetenger sandyakalaning kaprabon Majapait.

Tetembungan menika saged dipuntegesi dados angka 1400. Tembung “sirna” nyasmitakaken wilangan das (0), tembung “ilang” minangka sasmita angka das (0) ugi, tembung “kerta” nyulihi wilangan catur (4), saha tembung “bumi” minangka sulih angka eka (1). Kanthi makaten sampun ngempal sakawan wilangan, inggih menika angka 0041. Lajeng dipunwaos saking wingking dados angka 1400. Angka 1400 menika minangka katrangan taun sewu sakawan atus Masehi.

Sangkalan lamba menika katitik saking watek-wateking angka. Miturut Bratakesawa (1962:165), bab watek-watek angka sangkalan kaandharaken wonten ngandhap menika.

*Tabel* 2: **Watek-watek angka sangkalan lamba**

| Angka | Watek |
|---|---|
| Setunggal | rupa = werni ; candra = rembulan. wulan ; sasi = wulan jangkep ; nabi = wudel ; sasa = lintang, benter,kekah, trewelu ; dhara = weteng, ririh, sareh, nyembah, babondhara; bumi = lemah ; roning = godhong<br>janma = uwong ; suta = anak ; eka = setunggal, wiji ; niyata = yekti , nyata, yektos ; wungkulan = wutuhan , bunderan ; awani = kendel, srengenge |
| Kalih | netra = paningal ; caksu = pasuluhan, mripat ; nayana = ulat ; sikara = tangan ; buja = bau, tangan, bathara guru ; paksa = uwang, kudu, nyaru ; drasthi = alis ; ama = pepasu, weweri ; locana = urang-uranging mata, eluh, pesuluhan ; carana, athi-athi, ngrengga, ngukir ; karna = kuping, singat ; anebah = tlapukan, nebak, cengkah, tebih, kelud ; talingan = sandhangan taling ; lar = wulu, swiwi, anembah = ngabekti; suku = sikil |
| Tiga | bahni = geni ; siking = geni upet, teken ; guna = geni agaran, kesagedan, pinter, paeka, sugih, sekti, cemethi, ; dahana = geni ; trining rana = geni tunon, paprangan ; uta = lintah; ujel = welut ; anauti = cacing ; jatha = geni winadhahan , thasura, parijatha, pari sajatha, ; wedhha = geni pawon, serat pepakem, namaning mangsa ; utawaka = geni wong manggang ; kaya lena = geni |

Lajengipun tabel

| Angka | Watak |
|---|---|
| | blubukan ; uninga = geni obor |
| Sekawan | wedang = banyu panas ; segara ; karti = banyu sumur ; suci = banyu padusan ; jaladri = banyu rawa ; nadi = banyu kali, lepen, kebon, liring ; her = toya ; nawa = banyu adhem ; samudra ; jalanidhi ; warna ; toyadi ; wahana ; waudadi; sindu ; warih ; dik = padon sekawan , awing-awang, kahyangan,; tasik ; catur yuga |
| Gangsal | buta = buta lanang kang siyung , ageng, galak, rosa, denawa ; pandhawa = putranipun pandhu ; tata = getih otot ; gati = pramana , temen, tata , ulah, sengsem, prelu; wisaya = penggawe, pirantos ; indri = banyuning mata; yaksa = buta wadon kang siyung ; sara = lelandhep; maruta = angin = pawana; bana = alas ageng ; margana = angin neng dalan ; samirana = angin ngilangaken keringet ; warayang = senjata ; panca = gangsal ; wisikan = wuruking bapa , lingganipun wisik = warah , guling, kusi ; gulingan = tilem , glingsir, glundhung, gemingsir |
| Nenem | masa = mangsa nenem ; sadrasa = rasa nenem ; winaya angang – angang ; nggana = tawon ; oyag = obah ; tahen = kayu taun ; lona = pedhes ; mla = kecut ; tikta = pait ; kyasa = gurih ; dura = asin; sarkara = legi ; |
| Pitu | ardi = gunung = giri = redi = cala = himawan ; turangga = jaran = swakuda = ; resi = pendhita suci = pandhita = muni = mungel = wiku = pendhita ing gunung |
| Wolu | naga = ula gedhe ; panagan = enggon ula gedhe ; salira = menyawak; basu = tekek, segawon, edus, sawer; tanu = bunglon ; murti = cecak ; kunjara = kandhang gajah ; gajah = dipangga = esthi = samadya = manggala = dirada = dipara = liman ; bujangga = ula lanang = lan ula |
| Sanga | trustha = leng = trusthi = nanda = wilasita = guwa = rago = gatra ; muka = rerai , sirah , wadana , cangkem ; gapura = wiwara = dwara ; ganda = ambet |
| Dasa | boma = suket mati ; sonya = suwung ; gegana = langit ; barakan = tan katon , sendhalan ; adoh = tebih ; tan ; wiyat ; widik-widik ; sirna ; das |

Sasampunipun ngandharaken tuladhanipun tetembungan ingkang ngemu suraos watekipun angka, Bratakesawa (1962: 221) ngandharaken bab ingkang utami nalika damel candrasengkala. Bab ingkang utami menika kados ingkang dipunandharaken mekaten.

a. Leres penganggenipun tembung ingkang nggadhahi watak wicalan, boten perlu yasa tembung ingkang dereng limrah.
b. Saged mujudaken ukara.
c. Suraosing ungel-ungelan utawi ukara wau saged cocok kaliyan ingkang dipuncandrasengkalani.

Sangkalan lamba ingkang wujudipun tetembungan menika dipunanggep gampil dipunmangretosi, amargi tetembungan ingkang dipunginakaken sampun wonten paugeranipun. Sangkalan ingkang langkung awrat dipunwaos inggih menika sangkalan memet. Sangkalan memet menika awujud gambar ingkang nyingitaken angka.

Sangkalan memet anggenipun mahyakaken ungel-ungelanipun mawi gambar (Bratakesawa, 1962: 225). Jalaran saking menika sangkalan memet menika langkung awrat batanganipun amargi boten sumerep gambar ingkang pundi ingkang kedah dipunwaos rumiyin. Salah satunggaling serat ingkang ngrembag bab sangkalan memet inggih menika *Serat Candramemet.* Sangkalan memet ingkang dipunrembag wonten *Serat Candramemet* menika sangkalan ingkang arupi gambar aksara Jawa ingkang dipunronce. Priyantun ingkang boten mangretosi tata panyerating sangkalan memet boten sage maos sangkalan menika.

Sangkalan *Candramemet*, inggih menika sangkalan mawi gambar corekan punapa dene tatahan ingkang nyasmitakaken angka taun. Kapratelakaken ing *Serat Candramemet* bilih wonten sakawan (4) cara damel candra-sangkala memet. Sakawan cara menika dipunandharaken wonten ing *bab* IV, *sub bab* tata panyerating sangkalan ingkang kaandharaken wonteng ing Serat Candramemet.

**D. *Panalaran* Panaliten**

Ancasing panaliten menika ngandharaken *inventarisasi naskah Serat Candramemet,* ndamel *deskripsi naskah Serat Candramemet*, ndamel *transliterasi* saha *suntingan teks Serat Candramemet,* ndamel *terjemahan teks Serat Candramemet,* saha ngandharaken gegaran sangkalan memet wonten ing *Serat Candramemet.* Panaliten menika ngginakaken kalih *metode* inggih *metode* panaliten *filologi* saha *metode deskriptif. Metode* panaliten *filologi* gayut kaliyan lampahing panaliten *filologi. Metode* panaliten *deskriptif* dipunginakaken kangge mbedhah isining *teks Serat Candramemet.* Katrangan ngengingi bab metode panaliten langkung jangkep kaandharaken wonten Bab III, wondene panalaran panaliten wonten panaliten menika kaandharaken wonten *bagan* ing ngandhap menika.

Lampah panaliten *filologi* ingkang sapisan inggih menika *inventarisasi naskah*. *Naskah Serat Candramemet* ingkang dados *sumber data* panaliten menika satunggaling *naskah* ingkang kapanggihaken wonten ing *katalog Girardet* (1983: 751) kanthi irah-irahan *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta* kasimpen wonten ing *perpustakaan* Pakualaman Yogyakarta kanthi nomer 55580.

Sasanesipun wonten *katalog Girardet, Serat Candramemet* kasimpen wonten ing Perpustakaan Rumah Budaya Tembi Yogyakarta miturut *katalog* Rumah Budaya Tembi Yogyakarta kanthi nomer *inventaris* 2363/LSJ/HD/2000.

Panaliten menika mligi satunggal *eksemplar* ingkang kasimpen ing *Perpustakaan* Rumah Budaya Tembi kanthi irah-irahan *Serat Candramemet.* Wondene ing *perpustakaan* Pakualaman *Serat Candramemet* kanyata boten wonten. Lampah panaliten *filologi* ingkang angka kalih, inggih menika *deskripsi naskah* ingkang ancasipun ngandharaken kawontenanipun *naskah*.

Lampah panaliten *filologi* salajengipun, inggih menika *transliterasi teks*. Lampah panaliten ingkang angka sakawan menika *suntingan teks*, inggih menika ngleresaken kalepatan wonten ing *teks* dipunjumbuhaken kaliyan pandom ingkang dipunginakaken. Wondene wujud tanggeljawab *ilmiah* panaliti dhateng *suntingan*-ipun inggih menika ndamel *aparat kritik*.

Lampah panaliten salajengipun inggih menika *terjemahan* utawi *alih basa*. *Terjemahan* wonten ing panaliten menika nggantos basa Jawi dhateng basa Indonesia. Ancasipun *terjemahan* menika supados pamaos ingkang boten saged maos aksara Jawa langkung gampil nyinaoni wosing *naskah*. *Analisis isi* wonten panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif*. *Panaliten deskriptif* dipunginanaken kangge mbedhah isining *teks Serat Candramemet* inggih menika gegaran sangkalan candramemet.

**E. Panaliten ingkang Gayut**

Panaliten ingkang gayut kaliyan Kajian *Filologi* saha gegaran sangkalan candramemet wonten ing *Serat Candramemet* inggih menika panalitenipun

Faipkah (2011) kanthi irah-irahan “Tinjauan *Filologi* Serat Ki Ageng Gribig”. Bab ingkang gayut kaliyan panaliten *Serat Candramemet* inggih menika ancasipun panaliten. Ancasipun panaliten tumrap serat Ki Ageng Gribig menika ndamel deskripsi *naskah* kados dene ingkang dipuntindakaken ing panaliten *Serat Candramemet* menika. Dhapukan serat Ki Ageng Gribig ugi sami kaliyan *Serat Candramemet* inggih menika dhapukan *prosa* (gancaran). Urut-urutan lampahing panaliten dening Faipkah ugi sami kaliyan panaliten menika. Pramila ing sawatawis perangan, panalitenipun Faipkah menika dados *pandom* lampahing panaliten *Serat Candramemet*.

Panaliten ingkang gayut sanesipun inggih menika “Kajian *Filologi* dan Isi dalam *Serat Kawruh Griya*” dening Dwi Yuniarto (2012). Wosing panaliten menika ngandharaken caranipun damel griya miturut tata kabudayan Jawi. Panaliten ingkang sampun katindakaken dening Dwi Yuniarto menika ancasipun sami kaliyan panaliten tumrap *Serat Candramemet*, inggih menika damel *deskripsi naskah.* Dhapukanipun *teks Serat Kawruh Griya* sami kaliyan *Serat Candramemet* inggih menika gancaran. Bab ingkang jumbuh saking panalitenipun Faipkah (2011), saha Dwi Yuniarto (2012) kasebut saking *segi teori* saha cara panalitenipun saged nyengkuyung panaliten menika.

# BAB III
# CARA PANALITEN

## A. Cara Panaliten

Panaliten tumrap *teks Serat Candramemet* menika ngginakaken kalih *metode*, inggih menika *metode deskriptif* saha *metode filologi modern*. *Metode deskriptif* wonten ing panaliten *teks Serat Candramemet* menika dipunginakaken kangge ngempalaken sadaya katrangan wonten saklebetipun *naskah Serat Candramemet* kanthi menapa wontenipun. Andharan wonten ing nginggil jumbuh kaliyan andharanipun Suryabrata (1995: 18) ing ngandhap menika.

Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ancasipun damel *deskripsi* bab prakawis-prakawis utawi kadadosan-kadadosan. Panaliten *deskriptif* gadhah ancas damel *pencandraan*/*gambaran* kanthi *sistematis, faktual,* saha *akurat* ngengingi *fakta-fakta* saha *sifat-sifat populasi*.

Sasanesipun *metode deskriptif,* panaliten menika ugi ngginakaken *metode filologi modern*. *Metode filologi modern* menika ginanipun mbabar *objek* panaliten ingkang arupi *naskah*. *Naskah* menika *dokumen* budaya ingkang kedah dipunlestantunaken. Pramila ancasing panaliten menika supados asiling panaliten saged paring wawasan saha saged dipunjumbuhaken dhateng kabetahanipun pagesangan ing jaman samenika.

Bab-bab ingkang kedah dipuntindakaken supados panaliten menika sampurna inggih menika urut lampahing *filologi.* Urut lampahing panaliten *filologi* ingkang kedah dipuntindakaken inggih menika *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah, transliterasi teks,* ugi *suntingan teks*, saha *terjemahan teks*.

## B. Sumber *Data* Panaliten

Wonten panaliten menika ingkang dados *sumber data* panaliten inggih menika *Serat Candramemet*. *Serat Candramemet* kawedalaken dening *Stoomdtukkerij De Bliksem* nalika taun 1928 ing Surakarta. *Serat Candramemet* menika kasimpen ing Perpustakaan Rumah Budaya Tembi kabupaten Bantul DIY kanthi nomer *inventaris* 2363/LSJ/HD/2000.

## C. *Teknik* Ngempalaken *Data*

*Teknik* ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken lampahing panaliten *filologi*. Lampahing panaliten menika katindakaken makaten 1) *inventarisasi naskah*, 2) *deskripsi naskah*, 3) *transliterasi teks*, 4) *suntingan teks* saha 5) *terjemahan teks.* Lampahing *filologi* ingkang dipunginakaken kaandharaken kados ing ngandhap menika.

### *1. Inventarisasi Naskah*

Lampah panaliten *filologi* ingkang sapisan inggih menika *inventarisasi naskah*. *Inventarisasi naskah* dipuntindakaken kanthi madosi naskah saha nyerat papan panyimpenaning naskah miturut katalog. Sasanesipun *studi katalog inventarisasi naskah* ugi ningali kanthi langsung kadospundi kawontenan naskahipun.

*Katalog* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika wonten mapinten-pinten *katalog. Serat Candramemet* kapanggihaken wonten ing *katalog Girardet* kanthi *nomer kode katalog* 55580 kasimpen wonten ing pakualaman, *Katalog Perpustakaan Tembi* kanthi *nomer kode katalog* 2363/LSJ/HD/2000, saha Katalog

Balai Bahasa kanthi nomer R02263. Katitik saking *inventarisasi naskah* wonten ing nginggil, *Serat Candramemet* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kasimpen ing perpustakaan Tembi Yogyakarta kanthi *nomer kode katalog* 2363/LSJ/HD/2000.

**2. *Deskripsi Naskah***

*Deskripsi* naskah menika ngandharaken kados pundi kawontenaning naskah supados priyantun ingkang maos saged gadhah *gambaran* kados pundi naskahipun. *Deskripsi naskah* kawiwitan saking tatakrama mahyakaken asmanipun pamengku naskah, katrangan nama papan panyimpenipun, nomer koleksi, judul, andharan kawontenanipun naskah, katrangan jinisipun dlancangipun, katrangan wilangan cacahipun larik ing saben lembaripun, katrangan isi, jinisipun naskah, cakrikipun *teks*, katrangan samakipun naskah, jinisipun aksara, nomer lembaran, ukuran aksara, cakrikipun aksara, warnipun mangsi, rerengganipun seratan, wujudipun gugus konsonan, wujud aksara swara, wujud aksara murda, wujud sandhangan.

***3. Transliterasi Teks***

*Transliterasi* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika, inggih menika *transliterasi standar*. *Transliterasi teks* ingkang katindakaken menika *alih* aksara kanthi nggantos jinising seratan. *Teks* ingkang kaserat mawi aksara Jawa dipungantos dados aksara *Latin* kanthi aksara ingkang sampun dipunleresaken miturut pandom ingkang dipunginakaken.

### *4. Suntingan Teks*

*Suntingan* ingkang kaginakaken wonten panaliten menika, inggih menika *suntingan kritis*. *Suntingan kritis* menika cara *nyunting* ingkang saged ngewahi *otentitas teks* kaprenahaken supados nuhoni paramasastra ingkang sah minangka paugeraning tata basa ing wekdal samenika. *Suntingan kritis* menika ugi ngleresaken kalepatan-kalepatan saha seratan ingkang boten ajeg sarta *ejaan*-ipun dipunjumbuhaken kaliyan pandom ingkang baku. *Standarisasi suntingan teks* ingkang kaginakaken wonten panaliten menika ngginakaken tata tembung wonten *kamus*, inggih menika *Baoesastra Djawa* saha *ejaan* basa Jawi ingkang taksih dipunginakaken.

Wonten ing panaliten menika *naskah Serat Candramemet* ngginakaken *metode suntingan kritis*. *Teks Serat Candramemet* menika menawi wonten *cacad*-ipun saged dipunewahi saha pamaos saged mangretosi kanthi sampurna.

### *5. Terjemahan Teks*

*Terjemahan* inggih menika ngewahi basa saking basaning *teks* utawi basa *sumber*ipun dhateng basa *sasarani*pun. *Terjemahan teks* menika katindakaken kanthi *terjemahan kontekstual* ingkang ngewrat *terjemahan harfiah, isi*, saha *bebas*. *Terjemahan teks* dipundamel supados *teks Serat Candramemet* saged langkung gampil dipunmangretosi dening masarakat. Sanesipun, ancasing *terjemahan* menika kangge nggampilaken anggenipun negesi *teks*.

## D. *Instrumen* Panaliten

*Instrumen* panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken piranti pambiyantu awujud *kartu pencatat data*. *Kartu pencatat data* menika dipunginakaken kangge nyerat prakawis ingkang gayut kaliyan *subjek data.* Panaliten menika ngginakaken langkung saking satunggal *kartu data*. Kartu data wonten ing panaliten inggih menika kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

a) *Kartu data* kangge nyerat bab kawontenanipun *naskah Serat Candramemet*

*Tabel* 2. ***Kartu data* kawontenan *naskah Serat Candramemet***

| No. | Katrangan | Naskah *Serat Candramemet* |
|---|---|---|
| 1. | Asmanipun pamengku naskah | |
| 2. | Papan panyimpenipun naskah | |
| 3. | Nomor kodeks | |
| 4. | Irah-irahan<br>a. Kacetha ing pundi kemawon saha ing kaca pinten?<br>b. Tinerangaken ing seratan utawi ing katalog? | |
| 5. | Manggala,<br>a. Andharan minangka cecala sinerat ing ngajeng saha boten kalebet isining serat<br>b. Katrangan wekdal anggenipun miwiti panyeratipun serat<br>c. Ancas anggenipun ngandharaken kawruh<br>d. Gegadhanganipun pangripta | |

Lajengipun tabel

| No. | Katrangan | *Naskah Serat Candramemet* |
|---|---|---|
| | e. Papan panyeratipun serat | |
| ‘6 | Kolofon/ panutup andharan ing perangan wingking ingkang boten kalebet isi<br>a. Katrangan wekdal anggenipun ngrampungaken panyeratipun serat<br>b. Papan panyeratipun<br>c. Gegayuhanipun pangripta | |
| 7 | Kawontenanipun naskah | |
| 8 | Jinis bahan naskah | |
| 9 | Cacahipun larik saben kaca | |
| 10 | Kandeling naskah | |
| 11 | Ukuraning naskah | |
| 12 | Ukuraning teks | |
| 13 | Ukuran margin teks<br>a. Top<br>b. Bottom<br>c. Right<br>d. Left | |
| 14 | Isining naskah (setunggal cariyos utawa sawetawis cariyos) | |
| 15 | Jinising naskah (naskah piwulang utawi sanes-sanesipun) | |

Lajengipun tabel

| No. | Katrangan | *Naskah Serat Candramemet* | |
|---|---|---|---|
| 16 | Wujudipun teks (Sekar utawi gancaran) | | |
| 17 | Samaking naskah (warninipun, wujudipun, kawontenanipun, bebakalanipun, rerenggan) | | |
| 18 | Jinis aksara naskah | | |
| 19 | Panomeran kaca | | |
| 20 | Ukuraning aksara | | |
| 21 | Sikap-ing aksara (jejeg, dhoyong, nengen, kiwa) | | |
| 22 | Tandhesaning aksara | | |
| 23 | Warnining mangsi | | |
| 24 | Basaning teks (jawa anyar, jawa kawi, utawi jawi kina) | | |
| 25 | Isi peranganing naskah | | |
| 26 | Gunggung kaca ingkang dipuntliti | | |
| 27 | Bentuk aksara (mbata sarimbag, ngetumbar, mucuk eri) | | |
| 28 | Wedana renggan (rerenggan wujud gambar) | | |
| 29 | | ha<br>na<br>ca<br>ra<br>ka<br>da<br>ta<br>sa<br>wa<br>la | pa<br>dha<br>ja<br>ya<br>nya<br>ma<br>ga<br>ba<br>tha<br>nga |

Lajengipun *tabel*

| **No.** | **Katrangan** | ***Naskah Serat Candramemet*** | |
|---|---|---|---|
| 30 | Wujud aksara pasangan | ha<br>na<br>ca<br>ra<br>ka<br>da<br>ta<br>sa<br>wa<br>la | pa<br>dha<br>ja<br>ya<br>nya<br>ma<br>ga<br>ba<br>tha<br>nga |
| 31 | Wujud aksara murda | na<br>ka<br>ta<br>sa | pa<br>nya<br>ga<br>ba |
| 32 | Wujud aksara swara | A<br>I<br>U | E<br><br>O |
| 33 | Wujud sandhangan | wulu<br><br>pepet<br><br>suku<br><br>taling<br><br>taling tarung<br><br>keret<br><br>pengkal | wignyan<br><br>layar<br><br>cecak<br><br>pangkon<br><br>cakra<br><br>panjing wa<br><br>panjing la |
| 34 | Wujud angka Jawa | 1<br>2<br>3<br>4<br>5 | 6<br>7<br>8<br>9<br>0 |
| 35 | Tandha ing wiwitanipun gatra adeg-adeg | | |
| 36 | Tandha ing pungkasanipun pupuh | | |
| 37 | Pada lingsa | | |
| 38 | Pada lungsi | | |

Lajengipun *tabel*

| No. | Katrangan | *Naskah Serat Candramemet* |
|---|---|---|
| 39 | Pada pangkat | |
| 40 | Tandha kurung | |

b. *kartu data* kangge nyerat *aparat kritik*

*Tabel 3*. ***Kartu data aparat kritik Serat Candramemet***

| No. | ***Teks* saderengipun dipun-*sunting*** | ***Teks* sasampunipun dipun-*sunting*** | Katrangan |
|---|---|---|---|
| 1 | alusane | atusane | |

c. *Kartu data kangge nyerat* cara panyerating sangkalan memet

*Tabel 4*. ***Kartu data* kangge nyerat cara panyerating sangkalan memet**

| No. | Cara panyerating sangkalan memet | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Cara 1 | Cara 2 | Cara 3 | Cara 4 |
| 1 | | | | |
| 2 | | | | |

## *E. Teknik Analisis Data*

*Analisis data* ing panaliten menika ngginakaken analisis *dekriptif*. Nawawi (1996: 74), ngandharaken bilih ancas panaliten *deskriptif* inggih menika ngandharaken kanthi *deskriptif* utawi *fakta* menapa wontenipun kanthi ngolah saha menggalih kanthi *objektif. Teknik* kasebut kapilih kajumbuhaken kaliyan ancasing panaliten, inggih menika kangge ngandharaken isining *teks Serat Candramemet*. Caraning *analisis data* ing panaliten menika wonten sakawan lampah, inggih menika (1) *reduksi data*, (2) *klasifikasi data*, (3) *display data*, saha (4) *penafsiran* utawi *interpretasi*.

Lampahing *analisis* ingkang sapisan inggih menika *reduksi data*. *Reduksi data* inggih menika ngrangkum *data*, milih *data*, saha *memfokuskan data* dhateng gegaran sangkalan candramemet sarta ngicali *data* ingkang boten ngewrat gegaran sangkalan candramemet.

Lampahing *analisis data* ingkang kaping kalih inggih menika *klasifikasi data. Klasifikasi data* katindakaken kanthi cara milah-milah pundi ingkang gegaran sangkalan cara 1, gegaran sangkalan cara 2, gegaran sangkalan cara 3 utawi dudutanipun panyerating sangkalan miturut *Serat Candramemet*. *Analisis data* salajengipun, inggih menika *display data. Display data* menika ngandharaken *data* ingkang sampun kaperang miturut cara panyerating sangkalan. Lampahing *analisis* ingkang pungkasan inggih menika *penafsiran* utawi *interpretasi* ngengingi bab ingkang gayut kaliyan gegaran sangkalan memet kanthi cara *sistematis* saha *objektif* ingkang salajengipun dipun-*analisis* kanthi *deskriptif.*

### *F. Validitas saha Reliabilitas Data*

*Validitas data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas semantik. Validitas semantik* ing panaliten menika dipunginakaken kangge madosi makna saking *data* ingkang gayut kaliyan *konteks*-ipun. *Konteks* wonten ing *Serat Candramemet* inggih menika gegaran sangkalan candramemet.

*Reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika reliabilitas *intrarater* saha *interater*. *Intrarater* inggih menika maos kanthi dipunambali makaping-kaping supados pikantuk *data* ingkang ajeg. *Interater* inggih menika *reliabilitas* antawisipun satunggaling panaliten kaliyan panaliti

sanes, inggih menika nyuwun pamrayogi saha panyaruwe saking tiyang ingkang sampun *ahli* ing *bidang*-ipun. Wonten ing panaliten menika panaliti nyuwun panyaruwe kaliyan pamrayogi kaliyan *dosen pembimbing skripsi* minangka *ahli* ing *bidang*-ipun.

*Serat candramemet* menika dipunserat Kridhaksara wonten ing Surakarta taun dal, 1855. *Serat candramemet* ugi mratelakaken bilih candramemet menika dereng sumebar wonten ing akathah amargi kagolong kawruh kina saha menawi boten dipunlestantunaken saged ical.

Wonten ing salebeting *Serat Candramemet* menika wonten ginemanipun antawisipun Mardibasa saha Kridhalukita. Ingkang sepisan menika Kridhalukita ngandharaken bilih mireng reraosan ngrembag bab kasusastran Jawi ing Karaton Dalem nagari Surakarta. Kasusastran Jawi menika ngagem tatanan enggal inggih menika ngangge kasusastran Sriwadari kados ingkang sampun kadhawuhaken ing Serat Kekancingan Nagari taun 1855.

Kridhaksara menika mireng reraosan bilih kala samanten remen sanget dhateng kasusastran Sriwadari amargi kangge nyambut damel menika langkung gampil. Ananging, Kridhaksara menika ugi mireng reraosan bilih wonten ingkang boten remen kaliyan kasusastran Sriwedari amargi tumrap sekar Jawi menika kirang trep utawi pas. Dening ewahipun sesigeg Na murda dados Na kalphaprana lan sanesipun. Lajeng dangu ing dangu ngrembag bab candramemet. Ananging, Kridhalukita boten mireng sanget anggenipun tamu gineman lajeng Kridhalukita nyuwun pirsa dhateng Mardibasa bab candramemet.

Mardibasa menika lajeng ngandharaken bab candramemet. Candramemet saking pangandikanipun Kyai Rangga Karangrang menika reringkesaning angka sangkalan taun, wujudipun angka dipunsukani sandhangan. Bakuning angka candramemet menika wonten sadasa aksara. Angka candramemet menika baboning

sandi sastra. Sabibaripun mirengaken Mardibasa ngandharaken bab candramemet kala wau, Kridhalukita lajeng mangretos bilih candramemet menika bab sangkalan taun. Kridhalukita nyuwun seserepan malih kaliyan Mardibasa bab kawruh kasusastran Jawi Candramemet. Mardibasa menika ngandharaken bilih angka candramemet menika cacahipun sadasa. Angka candramemet menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 26: **Angka Candramemet**

| No. | Wujud Aksara *Candramemet* | Namaning aksara | Sandhangan | Angka |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | wa | taling tarung | 1 |
| 2 |  | dha | suku | 2 |
| 3 |  | ha | wignyan | 3 |
| 4 |  | ra | layar | 4 |
| 5 | | ca | cakra | 5 |
| 6 |  | ya | taling | 6 |
| 7 | | nya | pengkal | 7 |
| 8 | | nga | cecak | 8 |
| 9 | | tha | wulu | 9 |
| 0 | | ja | pepet | 0 |

Angka candramemet menika dipunginakaken kangge damel sangkalan taun, umpaminipun damel sangkalan taun ingkang wilanganipun sampun ewon. Tuladhanipun damel sangkalan taun ingkang wilanganipun sampun ewon, ewonipun katulis wujud angka lugu ingkang sampun limrah, dene atusanipun dipunserat sandhangan, dasanipun kaserat aksara pasangan wonten ing candramemet, ingkang sangandhaping angka lugu wonten ing nginggil. Salajengipun, ekanipun dipunserat sandhangan.

Tuladhanipun badhe nyangkalani taun dal 1855, angka 1 dipunserat kanthi angka lugu limrah salajengipun angka 8 minangka atusan dados sandhangan inggih menika dipuncecak, salajengipun 5 minangka dasanipun dipundadosaken pasangan inggih menika pasangan ca, ekanipun angka 5 dados sandhangan inggih menika dipuncakra.

Salajengipun Mardibasa ugi ngandharaken bilih wonten ingkang pujangga sanes damel sangkalan ananging beda tatananipun. Ewonipun kaserat angka lugu, atusanipun wujud angka lugu ingkang sangandhaping angka ewonipun. Dasanipun saha ekanipun kaserat sandhangan. Tuladhanipun damel sangkalan taun 1670 seratanipun kados makaten. Angka 1 dipunserat angka lugu salajengipun angka 6 dipunserat angka lugu sangandhaping angka ewon. Dene  angka 7 dipunserat sandhangan pengkal, angka 0 dipunserat sandhangan pepet.

Mardibasa ugi ngandharaken sawarni malih tatanan ingkang beda inggih menika panyerating sangkalan ingkang angkanipun sampun ewon. Ewonipun kaserat angka lugu ananging namung dipunpendhet sirahipun kemawon saha atusanipun

wujudipun sandhangan dipunraketaken kaliyan angka dasanipun ananging panyeratipun namung dipunpendhet gembung saha saperangan wingking. Wondene ekanipun kaserat sandhangan candramemet.

Tuladhanipun damel sangkalan 1788 seratanipun kados makaten. Angka 1 dipunserat angka lugu ananging dipunpendhet sirahipun salajengipun angka 7 dipunserat sandhangan pengkal. Dene angka 8 dipunserat angka lugu ananging dipunpendhet gembung saha saperangan wingking. Angka 8 dipunserat sandhangan cecak.

Tigang warni tata panyerating sangkalan candramemet menika boten gampil dipunmangretosi. Salajengipun Mardibasa ngandharaken bilih wonten sawijining pujangga damel tatanan candramemet ingkang prasaja ugi langkung cetha. Tata panyerating sangkalan ingkang angkanipun sampun ewon, ewonipun kaserat angka lugu, atusanipun kaserat sandhangan. Salajengipun dasanipun kaserat ngagem aksara candramemet wungkulan. Panyeratipun dipunsambung wonten wingkingipun. Ekanipun kaserat sandhangan, dipunraketaken wonten ing kasara dasan kalawau.

Tuladhanipun sangkalan taun dal 1855 angka 1 dipunserat angka lugu salajengipun angka 8 dipunserat sandhangan cecak. Angka 5 dipunserat aksara candramemet wungkulan ca, dene angka 5 dipunserat sandhangan ingkang dipunraketaken kaliyan dasan kala wau.

Sabibaripun Mardibasa ngandharaken bab tatanan sangkalan candramemet menika nyuwun pirsa menapa candramemet menika boten limrah ing ngakathah. Salajengipun Mardibasa ngandharaken saking panemuning piyambak bilih wosipun

dereng kathah ingkang mangretos awit kawruh jawa menika piningit. Sarjana ingkang rumiyin menika boten kapareng medharaken kawruh candramemet menika. Kridhalukita ugi sarujuk kaliyan pamanggihipun Mardibasa awit Kridhalukita menika nembe mangretos candramemet menika sepindhah menika. Salajengipun Kridhalukita menika nyuwun seserepan malih bab wangsalan nanging Mardibasa boten purun amargi nyuwun ngaso rumiyin.

**1. *Deskripsi Candramemet***

Candramemet kalebet satunggaling jinis sangkalan. Sangkalan candramemet menika rupi sandi utawi angka. Sangkalan candramemet boten kathah ingkang mangretos amargi kasusastran Jawi menika winadi utawi piningit. Awit menika menawi boten dipunrembag saged wucal saha masarakat boten mangretos sangkalan candramemet.

Sangkalan candramemet menika ngandharaken sekawan tata panyerating sangkalan ingkang dipunanggit setunggal pujangga saha sanesipun. Wonten ing *Serat Candramemet* menika gadhah angka piyambak ingkang beda kaliyan angka Jawa limrahipun. Angka ingkang wonten *Serat Candramemet* menika dipunsebut angka candramemet.

Angka candramemet dipunginakaken nyerat sangkalan candramemet. Sangkalan candramemet menika saking gabungan antawisipun angka Jawa wungkulan, sandhangan candramemet, saha angka candramemet. Angka candramemet dados *ciri khas* bilih menika sangkalan candramemet. Sangkalan candramemet menika wonten sekawan tata panyeratan. Satunggal pujangga kaliyan

pujangga sanesipun  nganggit tata panyerating sangkalan candramemet menika beda. Sangkalan menika wonten ingkang awrat ugi wonten ingkang gampil. Sangkalan candramemet menika dipunginakaken kangge nyerat angka taun ingkang kagolong sangkalan winadi dereng kathah masarakat ingkang mangretos amargi menawi badhe maos kedah mangretos angka saha sandhangan **c**andramemet.

Wonten ing salebeting *Serat Candramemet* ngandharaken **“cåndråmêmêt iku baboning sandi sastrå.”** Angka candramemet menika dados pathokan panyeratipun sandi sastra. Angka candramemet menika kaperang kalih sandi ingkang wujudipun aksara jawa saha sandhangan.

Wonten sandi sastra sanes ingkang sandinipun beda, salah satunggaling sandi sastra menika inggih *sandi ragasastra*. *Sandi ragasastra* menika salah satunggaling teks wonten ing Serat Wirit "Amarsitakaken bab Elmi Kasampurnan". Bedanipun sandi ingkang dipunginakaken wonten ing angka candramemet kaliyan *sandi ragasastra* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 28: **Tetandhingan *Candramemet* saha *Sandi Ragasastra***

| **No.** | **Sandi angka** | ***Candramemet*** | | ***Sandi ragasastra*** | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Nama sandhangan** | **Wujud sandhangan** | **Nama sandhangan** | **Wujud sandhangan** |
| 1 | 1 | taling tarung |  | suku | … |
| 2 | 2 | suku | … | wulu | .... |
| 3 | 3 | wignyan | … | taling tarung |  |

Lajengipun *tabel*

| No. | Sandi angka | *Candramemet* | | *Sandi ragasastra* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Nama sandhangan** | **Wujud sandhangan** | **Nama sandhangan** | **Wujud sandhangan** |
| 4 | 4 | layar | …… | taling | … |
| 5 | 5 | cakra | … | cecak | … |
| 6 | 6 | Taling | ..... | Layar | … |
| 7 | 7 | Pengkal | … | Cakra | … |
| 8 | 8 | Cecak | …… | Pepet | … |
| 9 | 9 | Wulu | …. | Pengkal | … |
| 10 | 0 | Pepet | ….. | Wignyan | … |

Sandi wonten ing angka *candramemet* kaliyan *sandi ragasastra* menika sambetipun wonten ing perangan sandhangan. Bedanipun wonten ing urutanipun kemawon, wonten ing candramemet angka 1 menika sandinipun sandhangan taling tarung ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan suku. Wonten ing candramemet angka 2 menika sandinipun sandhangan suku ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan wulu, ing candramemet angka 3 menika sandinipun sandhangan wignyan ananging ing sandi ragasastra menika sandinipun sandhangan taling tarung. Wonten ing candramemet angka 4 menika sandinipun layar ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan taling.

Wonten ing *candramemet* angka 5 menika sandinipun cakra ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan cecak. Wonten ing *candramemet* angka 6 menika sandinipun taling ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan layar. Wonten ing *candramemet* angka 7 menika sandinipun pengkal ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan cakra. Wonten ing *candramemet* angka 8 menika sandinipun cecak ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan pepet. Wonten ing *candramemet* angka 9 menika sandinipun wulu ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan pengkal. Wonten ing *candramemet* angka 0 menika sandinipun pepet ananging wonten ing *sandi ragasastra* sandinipun sandhangan wignyan. Inggih menika bedanipun sandi wonten ing *candramemet* kaliyan *sandi ragasastra*.

Angka *candramemet* ugi wonten sambetipun kaliyan angka jawa ingkang limrah. Bedanipun aksara ingkang dipunginakaken kangge sandi menika beda. Bedanipun angka *candramemet* kaliyan angka jawa kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 29: **Bedanipun Angka Candramemet kaliyan Angka Jawa**

| No. | Sandi angka | Angka candramemet | Angka Jawa |
|---|---|---|---|
| 1 | 1 | | |
| 2 | 2 | | |
| 3 | 3 |  | |
| 4 | 4 | | |
| 5 | 5 | | |

Lajengipun *tabel*

| No. | Sandi angka | Angka candramemet | Angka Jawa |
|---|---|---|---|
| 6 | 6 | | |
| 7 | 7 |  | |
| 8 | 8 | | |
| 9 | 9 | | |
| 10 | 0 | | |

## 2. Tata Panyerating Sangkalan ingkang kaandharaken ing Serat *Candramemet*

Isining teks Serat Candramemet inggih menika bab sangkalan. Sangkalan ingkang kawrat wonten *Serat Candramemet* menika sangkalan memet. Sangkalan memet menika arupi aksara. Sangkalan memet menika dereng kathah ingkang mangretos amargi dereng sumebar ing ngakathah. Dangu-dangu mangkih sangkalan memet menika saged dhapur ketalib amargi boten sumebar ing ngakathah.

*Serat Candramemet* menika mratelakaken sekawan tata panyerating sangkalan memet. Wonten ing *Serat Candramemet* menika wonten aksara piyambak ingkang boten sami kaliyan aksara Jawa ingkang limrah. Aksara candramemet menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 30: **Aksara Candramemet wonten ing *Serat Candramemet***

| No. | Wujud Aksara Candramemet | Namaning Aksara | Sandhangan | Angka |
|---|---|---|---|---|
| 1 | | wa | taling tarung | 1 |
| 2 |  | dha | suku | 2 |
| 3 | | ha | wignyan | 3 |

Lajengipun *tabel*

| No. | Wujud Aksara Candramemet | Namaning Aksara | Sandhangan | Angka |
|---|---|---|---|---|
| 4 |  | ra | layar | 4 |
| 5 | | ca | cakra | 5 |
| 6 |  | ya | taling | 6 |
| 7 | | nya | pengkal | 7 |
| 8 | | nga | cecak | 8 |
| 9 | | tha | wulu | 9 |
| 0 | | ja | pepet | 0 |

Sangkalan memet menika kathah ingkang dereng mangretos awit kawruh sangkalan menika kalebet piningit saha kamemeten utawi boten gampil dipunmangretosi. Wonten ing *Serat Candramemet* menika wonten sakawan tata panyerating sangkalan. Tata panyerating sangkalan menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Cara 1

Damel sangkalan taun ingkang wilanganipun sampun ewon, ewonipun kaserat wujud angka lugu ingkang sampun limrah, dene atusanipun dipunserat sandhangan, dasanipun kaserat aksara pasangan wonten ing **c**andramemet, ingkang sangandhaping angka lugu. Salajengipun ekanipun dipunserat awujud sandhangan .

Tuladhanipun badhe nyangkalani taun **D**al 1855 seratanipun kados makaten. Angka 1 dipunserat kanthi angka lugu/limrah salajengipun angka 8 minangka atusan dados sandhangan inggih menika dipuncecak, salajengipun 5 minangka dasanipun

dipundadosaken pasangan inggih menika pasangan ca, ekanipun angka 5 dados sandhangan inggih menika dipuncakra.

1 minangka ewon : angka lugu wujudipun

8 minangka atusan : sandhangan cecak wujudipun ...

5 minangka dasa :pasangan ca wujudipun ...

5 minangka ekan :sandhangan cakra wujudipun ...

Payeratipun 1855 : 

b. Cara 2

Aksara swara inggih menika kangge nyerat tembung-tembung ngamanca ingkang boten wonten pasanganipun (Mulyani, 2011: 28). Aksara swara saged dipunsukani sandhangan wignyan, layar, saha cecak. Aksara swara namung wonten gangsal aksara inggih menika a,i,u,e, saha o. N*askah Serat Candramemet* menika dipunpanggihaken tiga aksara swara inggih ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 8: **Aksara swara**

| **No.** | **Nama aksara swara** | **Wujud aksara swara** | **Tuladha seratan** | ***Transliterasi standar*** | ***Terjemahan*** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | a | |  | Alip | Alip |
| 2 | e | |  | Ehe | Ehe |
| 3 | o | |  | Angka | Angka |

**4) Sandhangan**

Sandhangan inggih menika tandha *diakritik* ingkang dipunginakaken kangge ngewahi waosaning aksara Jawa. Wonten ing aksara Jawa, aksara ingkang boten gadhah sandhangan pocapanipun inggih menika gabungan antawisipun konsonan saha vokal a (Darusuprapta,2002: 18).

Sandhangan aksara jawa menika dipunperang dados tiga inggih menika sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, saha sandhangan wyanjana. Andharan ngengingi sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, saha sandhangan wyanjana kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 9: **Sandhangan swara**

| No. | Nama sandhangan | Wujud sandhangan | Tuladha seratan | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | wulu | |  | Jawi | *Jawa* |
| 2 | pepet | |  | terange | *jelasnya* |
| 3 | suku | |  | kula | *saya* |
| 4 | taling | |  | nate | *pernah* |
| 5 | taling tarung | |  | waos | *baca* |

*Tabel* 10: **Sandhangan panyigeging wanda**

| No. | Nama sandhangan | Wujud sandhangan | Tuladha seratan | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | wignyan | |  | inggih | iya |
| 2 | layar | |  | ngisor | bawah |
| 3 | cecak | |  | angka | angka |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4 | pangkon | |  | pasangan | pasangan |

*Tabel* 11: **Sandhangan wyanjana**

| **No.** | **Nama sandhangan** | **Wujud sandhangan** | **Tuladha seratan** | ***Transliterasi standar*** | ***Terjemahan*** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | cakra | |  | candra | rembulan |
| 2 | keret | |  | mangreti | mengetahui |
| 3 | pengkal | |  | Kyai | Kiai |
| 4 | panjing la |  |  | cumeplong | lega |
| 5 | panjing wa | |  | swargi | almarhum |

**5) Angka Jawa**

Angka Jawa menika dipunginakaken kangge nyerat nomer, nyerat ukuraning panjang, wekdal, arta, gunggung, sarta yuswa. Angka Jawa ingkang kapanggihaken wonten ing *Serat Candramemet* inggih kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 12: **Angka Jawa**

| **No.** | **Wujud angka Jawa** | ***Transliterasi standar*** |
|---|---|---|
| 1 | | 0 |
| 2 | | 1 |
| 3 | | 2 |
| 4 | | 3 |
| 5 | | 4 |

Lajengipun *tabel*

| No. | Wujud angka Jawa | *Transliterasi standar* |
|---|---|---|
| 6 | | 5 |
| 7 | | 6 |
| 8 |  | 7 |
| 9 | | 8 |
| 10 |  | 9 |

**6) Panyerating e pepet e, e taling e, e**

Serataning e pepet kaserat ngginakaken tandha *diakritik* e, wondene e taling kaserat ngginakaken tandha *diakritik* e saha e. Tuladha seratan ingkang ngginakaken e pepet saha e taling wonten ing *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 13: **Serataning e pepet kaliyan e taling**

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|
| 1 |  | serat | serat |
| 2 |  | dereŋ | belum |
| 3 |  | kangge | buat |

**7) Panyerating tembung dwilingga**

Tembung dwilingga dipun-*transliterasi* kanthi ngginakaken tandha panggandheng (-). Tuladha seratan ingkang kapanggihaken wonten ing *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 14: **Tembung dwilingga**

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi diplomatik* | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | kantor kantor | kantor-kantor | kantor-kantor |

**8) Panyerating tembung dwipurwa**

Tembung dwipurwa dipunserat kanthi njumbuhaken kaliyan *ejaan* basa Jawi *standar*. Panyerataning dwipurwa kanthi ngginakaken *ejaan* aksara Jawa, beda kaliyan ngginakaken ejaan aksara Latin. Panyerating dwipurwa kanthi aksara Latin, wanda pisananipun ngginakaken e (Padmosoekotjo, 1989: 75). Tuladhanipun seratan ingkang kapanggihaken wonten *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 15: **Tembung dwipurwa**

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi diplomatik* | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | riringkessanning | reringkesaning | ringkasan |

**9) Panyerating tembung ingkang sipatipun *homorgan***

Tembung *homorgan* inggih menika tembung ingkang dipunasilaken saking daerah *artikulasi* ingkang sami. Tembung *homorgan* dipuntandhani kanthi tembung wonten wanda kaping kalih utawi pungkasan dipunwiwiti kanthi *konsonan* c utawi j. menawi ngginakaken aksara Jawa, *konsonan* c utawi j ingkang miwiti wanda kaping kalih utawi pungkasan mila *konsonan nasal* panyigeging wanda kapisan kaserat kanthi *konsonan nasal* ny. Wonten ing *transliterasi standar*, *konsonan* panyigeging wanda kapisan menika kaserat kanthi

*konsonan nasal* n. Tuladha seratan ingkang kapanggihaken wonten *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 16: **Tembung *homorgan***

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi diplomatik* | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | banyjur | banjur | terus |
| 2 |  | panycen | pancen | memang |

**10) Panyerating vokal o nasal dipunserat dados vokal α**

*Tabel* 17: **Panyerataning vokal o nasal dipunserat dados vokal α**

| No. | Tuladha Seratan | *Transliterasi diplomatik* | *Transliterasi Standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | bongsa | bangsa | bangsa |

**11) *Pengulangan* satunggaling aksara rangkep ingkang dipunsebabaken amargi *afiksasi* utawi wujud tembung lingga**

*Afiksasi* inggih menika ewahipun wujud ukara amargi dipunparingi panambang *afiks* (Mulyana, 2011:13). *Afiks* wonten basa Jawi menika wonten sekawan inggih menika wonten ater-ater, seselan, panambang, sarta ater-ater + panambang. Tuladha seratan ingkang kapanggihaken wonten ing *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

*Tabel* 18: ***Afiksasi***

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi diplomatik* | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|---|
| 1 |  | panggonne | panggone | Tempatnya |
| 2 |  | temenannan | temenanan | sungguh-sungguh |

**12) Panganggening aksara *kapital* dipunjumbuhaken kaliyan aturan panyerating aksara Latin**

Panyerating aksara *kapital* wonten ing *Serat Candramemet* kajumbuhaken kaliyan aturaning panyerating aksara Latin. Tuladha seratan ingkang kapanggihaken wonten ing *Serat Candramemet* kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Aksara *kapital* minangka aksara pisanan ingkang nedahaken tiyang

*Tabel* 19: **Aksara *kapital* minangka aksara pisanan namanipun tiyang**

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|
| 1 |  | pakubuwana | Pakubuwana |

b. Aksara *kapital* minangka aksara pisanan ingkang nedahaken papan

*Tabel* 20: **Aksara *kapital* minangka aksara pisanan namanipun papan**

| No. | Tuladha seratan | *Transliterasi standar* | *Terjemahan* |
|---|---|---|---|
| 1 |  | Surakarta | Surakarta |

**13). Panganggening tandha pamaos**

*Tabel* 21: **Panganggening tandha pamaos**

| No. | Wujud tandha pamaos | Katrangan | *Transliterasi standar* |
|---|---|---|---|
| 1 | | Namanipun *pada lungsi*, inggih menika dipunginakaken minangka tandha pungkasaning ukara wonten Serat Candramemet. | . |
| 2 | | Namanipun *pada lingsa*, inggih menika dipunginakaken kangge misah gatra saha dipunginakaken kangge napasing pamaos. | . |
| 3 | | namanipun *pangkon*, inggih menika dipunginakaken minangka tandha pungkasaning gatra wonten Serat | , |

Lajengipun *Tabel*

| No. | Wujud tandha pamaos | Katrangan | *Transliterasi standar* |
|---|---|---|---|
| | | Candramemet saha dipunginakaken kangge misah tembung ingkang dipunpungkasi kaliyan aksara konsonan. | |
| 4 | | Namanipun *adeg-adeg,* inggih menika tandha kangge miwiti ukara utawi paragraph. | /o/ |
| 5 | | Namanipun *pangkon* lajeng wonten pada lingsa, inggih menika tandha kangge mungkasi ukara utawi paragraf. | **.** |
| 6 | | Namanipun pada pangkat, inggih menika dipunginakaken kangge mratandhani panyerating angka. | **:** |
| 7 | | Tandha menika kaginakaken kangge tetenger tandha ingkang wonten salebeting *teks.* | \| \| |
| 8 | | Tandha { } kaginakaken kangge tetengering nomer kaca ing *transliterasi teks Serat Candramemet*. Manawi nomer kaca ing satengahing tembung, nomer kaca dipuntambahi tandha -[ ]-. Kosok wangsulipun, manawi nomer kaca ing sangajenging tembung dipuntambahi tandha [ ]. | **[ ]** |
| 9 | | Tandha menika kaginakaken kangge mratandhani antawisipun aksara latin kaliyan angka ingkang sami. | = |

**b. Pandom *suntingan***

Pandom *suntingan* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika ngginakaken tandha-tandha kangge nggampilaken *suntingan teks Serat Candramemet.* Tandha-tandha ingkang dipunginakaken kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) Tandha { } = tandha kangge nggantos wanda menapa dene tembung.

b) Tandha ( ) = tandha kangge ngirangi wanda menapa dene tembung.

c) Tandha < > = tandha kangge nambahi wanda menapa dene tembung.

d) Nomer kangge *aparat kritik* ngginakaken angka Arab seratan Latin ( [1],[2],[3],[4], lsp).

e) Nomer kaca wonten ing *teks Serat Candramemet* menika ngginakaken tandha [ ] kanthi angka Arab seratan latin.

**4. Asiling *transliterasi* saha *Suntingan teks Serat Candramemet***

*Transliterasi* saha *suntingan teks Serat Candramemet* menika adhedhasar isining *naskah* ingkang dipunjumbuhaken kaliyan paugeran ingkang gumathok. *Transliterasi* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih *transliterasi standar*. *Transliterasi* katindakaken kanthi nggantos serataning *teks* ingkang ngginakaken aksara Jawa dados aksara Latin ingkang kajumbuhakaken kaliyan ejaan ingkang limrah.

*Suntingan teks* wonten panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara ngleresaken lepatipun *teks Serat Candramemet*. *Suntingan* ing panaliten menika awujud ngewahi saha nggantos aksara utawi tembung wonten ing *Serat Candramemet*. Kasilipun *suntingan* menika dipunserat wonten ing *aparat kritik*. Pandoming *suntingan* menika adhedhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939).

Asiling *transliterasi* saha *suntingan standar teks Serat Candramemet* kaandharaken ing ngandhap menika. Kangge nggampilaken anggenipun mangretosi asiling *transliterasi,* kaandharaken kanthi katrangan bilih tembung

ingkang dipuncithak kandel mratandani bilih tembung kasebut kirang trep utawi boten limrah kaginakaken ing wekdal samenika. Wonten ing perangan tuladha taun dipunsukani *columns* murih gampil dipuntandhingaken satunggal panyerating taun kaliyan sanesipun.

**a. Asiling *Transliterasi Standar Serat Candramemet***

[1]Serat Candramemet
mratelakaken kawruh ingkang winastan: candramemet
Panunggilanipun kawruh sangkalan, inggih sangkalan ingkang rupi aksara.
Kawruh wau sadangunipun tansah jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan, sapunika kawedalaken sarta katerangaken kanggening damelipun.
dening:
Kridhaksara ing Surakarta
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ “DE BLIKSEM”
SOLO 1928

[2]Serat Candramemet
mratelakaken kawruh ingkang winastan: candramemet
Panunggilanipun kawruh sangkalan, inggih sangkalan ingkang rupi aksara.
Kawruh wau sadangunipun tansah jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan, sapunika kawedalaken sarta katerangaken kanggening damelipun.
dening:
Kridhaksara ing Surakarta
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ „DE BLIKSEM”
SOLO 1928

[3]Purwaka

Wiyosipun serat-serat basa Jawi bab kasusastran sapanunggilanipun ingkang sampun kula waos rumiyin dumugi ing samangke punika, kula dereng nrenjuhi ingkang nyariosaken bab kawruh ingkang winastan: candramemet. Dalah serat-serat pawartos tembung Jawi ing sasumerep kula, inggih dereng nate wonten para sarjana mardi basa ingkang giyaraken kawruh wau. Punapa darunanipun dene candramemet, teka jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan. Saweg ing pandugi kula piyambak, mbokmanawi sabab dening candramemet wau golonganing kawruh kina, ingkang dereng saged sumebar kasrambah kangge ing

akathah, dados wonten emperipun bilih kathah ingkang dereng sumerep, dangu-dangu temahan lajeng dhapur ketalib.

Sarehning candramemet punika pancen kawruh jawi deles, bilih boten dipunopeni eman-eman. Mila murih boten kelajeng-lajeng anggenipun ketalib, ingkang wekasanipun badhe saged sirna tanpa lari, ing mangke kawontenanipun bab candramemet wau, badhe kula giyaraken ing serat punika, wigatosipun supados sageda katingal, ing[4]kang lajeng sumebar kasumerepan ing akathah, wusana saged wangsul gesang, tetep anglenggahi anggenipun jinejer kawruh, ingkang kangge ing akathah.

Ing tanjung anom, Surakarta, warsa dal: 1855: tinengeran candra sangkala:

migati aksara murtining candra.

[5]Gelaraning candramemet.

Ginemipun **Mardibasa** kaliyan **Kridhalukita.**

**Kridhalukita**: "Kulanuwun, nalika pinuju wonten ing pajagongan kula mireng reraosanipun tamu kaliyan panunggilanipun lenggah wonten ing sandhingipun. Dene wosipun ing reraosan ngrembag bab kasusastran Jawi ing karaton dalem nagari Surakarta. Tatanan anyar ingkang tumindak kangge ing samangke punika, kados ingkang sampun kadhawuhaken kawrat ing serat Dhawuh Kekancingan Nagari ing salebetipun tahun Dal: 1855 inggih punika ingkang lajeng karan kasusastran: Sriwadari. Kalasamanten tamu ingkang miwiti raosan wau mratelakaken bilih seneng sanget dhateng kasusastran tatanan anyar amargi kangge nyambut damel nindakaken padamelan nagari tumrap ing kantor-kantor sapanunggilanipun padamelan ingkang brendangan pikantuk saged rancag, dening su[6]danipun gondhelaning : na lan sapanunggilanipun.

Tumunten ta mula layananipun raosan mratelakaken bilih kirang condhong nangge kasusastran Sriwadari, awit tumrap ukara sesekaran bilih panyeratipun nangge kasusastran tatanan anyar wau, rumaosipun piyambak anggadhahi raos kirang tumembel, dening ewahipun sesigeg na murda =  dados namung  kalpaprana= lan sapanunggilanipun. Wusana dangu-danguning raosan lajeng ngrembag bab candramemet. Sarehning palinggihan kula kaliyan tamu ingkang sami raosan wau ragi kepering, dados katerangan kawontenanipun candramemet wau boten saged tetela pamireng kula. Ingkang punika kula nyuwun seserepan ing panjenengan sampeyan, mugi kaparenga nerangaken bab kawruh candramemet wau".

**Mardibasa** : "Saka pangandikane swargi Kyai Rangga Karangrang kang diarani candramemet iku reringkesaning angka sangkalan taun, wujud aksara sinaroja ing sandhangan bakune cacah sepuluh aksara rineka tinetepake dadi angka wiwit siji tumeka das kaya dene angka Jawa kang wis kelumrah. Dene candramemet mau pigunane mung dianggo [7]gawe sangkalan taun, minangka liru padhane angka

Jawa kang kelumrah pakoleh ringkes sarta mawa rasa memet kaya dene sangkalan taun kang nganggo basa candra sangkala. Sakawit ing ngarep candramemet iku baboning sandi sastra".

**Kridhalukita** : "Lah dalah, cumeplong manah kula sayektosipun saweg mireng saking pangandika sampeyan punika, bilih candramemet punika bangsa sangkalan taun. Manawi marengaken ing mangke kula nyuwun seserepan terangipun pisan gelaranipun candramemet wau, supados mewahana seserepan kula ing babagan kawruh kasusastran jawi".

**Mardibasa** : "Mungguh candramemet mau kahanane mangkene : ,  , , , , , , , , , , Terange:

, aksara: wa, utawa sandhangan taling tarung dumadi angka siji=1.

 , aksara: dha, utawa sandhangan suku dumadi angka loro=2.

, aksara: ha, utawa sandhangan wignyan dumadi angka telu=3.

, aksara: ra, utawa sandhangan layar dumadi angka pa[8]pat=4.

, aksara: ca, utawa sandhangan cakra dumadi angka lima=5.

, aksara: ya, utawa sandhangan taling dumadi angka enem=6.

, aksara: nya, utawa sandhangan pengkal dumadi angka pitu=7.

, aksara: nga, utawa sandhangan cecak dumadi angka wolu=8.

, aksara: tha, utawa sandhangan **ulu**[1] dumadi angka sanga=9.

, aksara: ja, utawa sandhangan pepet dumadi das=0.

Anane **netrap-trapan**[2] panganggone mangkene: upama gawe sangkalan taun kang wilangane angka wis ewon, iku ewone katulis wujud angka lugu kang wis kelumrah, dene atusane katulis sandhangan, tumuli dasane |tenggak| katulis aksara |pasangan| ning candramemet, manggon ana sangisore angka lugu mau, banjur ekane |sirah| katulis sandhangan, upamane nyangkalani ta[9]un Dal:1855, iku panulise mangkene: dicecak, ing ngisor sinaroja pasangan dicakra, wujude  pamacane  . Terange: dadi angka siji, sandhangan cecak dadi angka wolu, pasangan dadi angka lima,
sandhangan cakra dadi angka lima, ganep patang angka dadi: 1855. Sabanjure upama nyangkalani taun:

Be 1856 panulise :  Wawu 1857 panulise : 

Jimakir 1858 panulise :  Je 1862 panulise : 

Alip 1859 panulise :  Dal 1863 panulise : 

Ehe 1860 panulise :  Be 1864 panulise : 

Jimawal 1861 panulise : 

mangkono sapiturute.

Sawenehing pujangga ana kang nganggo gagrag seje tatanane, lire yaiku ewone uga katulis wujud ang[10]ka lugu, atusane uga tinulis wujud angka lugu ana ngisore angka kapisan |ewon| dasane lan ekane padha tinulis rupa sandhangan. Sangkalan gagrag mangkono iku kang wis takweruhi, dhek biyen sangkalan Regol ing Karadenayon jero Kadhaton Dalem Karaton Surakarta. Nalika jumeneng dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan Pakubuwana kang kaping sanga. Aksara sangkalan mau dumunung tembok, sadhuwuring dhempel kori kang njaba utawa ngarepan, panulise digawe brenjul pulase ireng, elingku tulisane mangkene: yaiku aksara  sinaroja pasangan dipengkal, dhuwuring  sandhangan pepet, unine  dadi iku angka 1670. Panunggalane gapura ing wewengkon sajroning Kadhaton Dalem iya ana kang nganggo sangkalan candramemet nanging kang takelingi cetha iya mung kang wis takpratelakake mau.

Ana sawarna maneh nganggo tatanan mangkene yaiku angkane ewon katulis angka lugu, nanging mung kajukuk sirahe bae lan atusane rupa sandhangan rinaketake aksara kang dadi angka dasan, nanging panulise mung kajukuk ge[11]mbung lan saperangan mburi, sumambung ing angka kapisan kang amunggana sirah  nuli sinaroja ing sandhangan, dadi kahananing wujude

mangkene bisa muni  panemuku iku karepe dipengkal, sambungan gembung karepe angka sinaroja sandhangan cecak, dumadine angka mangkene  , sangkalan iku kang takweruhi dhek biyen, regol ing Martadipuran lawas, kampung Carikan.

Sarehning kahanane candramemet telung warna kaya ing ngarep mau, tetelane padha kurang andhamangake sadhengah kang nupiksa, dening katon cawuh utawa nyamar kena diarani kememeten. Mulane banjur ana sawijining pujangga kang ambangun tatanane candramemet ginawe pasaja tur cetha. Pamurihe bisa nggampangake sadhengaha kang nyumurupi yaiku upama nulis sangkalan taun, ewone lestari nganggo angka lugu sarta atusane iya lestari tinulis sandhangan rumaket ing angka kang dadi ewon mau. Dasane diowahi nganggo aksara candramemet wungkulan |dudu pasangan| panulise dijejer sumambung ing burine, banjur ekane iya lestari katulis sandhangan rinaketake ing aksarane candramemet kang dadi dasan mau. Babare banguna[12]n mau mangkene, upama gawe sangkalan taun Dal : 1855, iku panulise  dicecak, banjur ing burine dicakra, dadi kena winaca  , lah bareng tinulis mangkono, iya pancen nyata banjur katon wijang temenan, wah gampang gonne nyurasa ora dadak anggagas dawa".

**Kridhalukita** : "Nun inggih, kasinggihan pancen nyata yektos lajeng dados gampil pamaosipun saha enggal saged mangretosaken. Manawi kapareng kula nyuwun kaparingana upami malih, panunggilanipun babaraning candramemet bangunan wau supados kula sageda saya lajeng gonah".

**Mardibasa** : "Iya prayoga, saiki katurutake pisan sangkalan taun candhake kang wis takpratelakake ing ngarep mau, yaiku upama nyangkalani taun :

Be 1856 panulise : 

Wawu 1857 panulise : 

Jimakir 1858 panulise : 

Alip 1859 panulise : 

Ehe 1860 panulise : 

Jimawal 1861 panulise : 

Je 1862 panulise : 

Jimakir 1866 panulise : 

Alip 1867 panulise : 

Ehe 1868 panulise : 

Jimawal 1869 panulise : 

Je 1870 panulise : 

Dal 1871 panulise : 

Be 1872 panulise : 

Wawu 1873 panulise : 

[13]Dal 1863 panulise : 

Be 1864 panulise : 

Wawu 1865 panulise : 

Jimawal 1877 panulise : 

Je 1878 panulise : 

Dal 1879 panulise : 

Be 1880 panulise : 

Wawu 1881 panulise : 

Jimakir 1882 panulise : 

Alip 1883 panulise : 

Ehe 1884 panulise : 

Jimawal 1885 panulise : 

Je 1886 panulise : 

Dal 1887 panulise: 

Be 1888 panulise : 

Jimakir 1874 panulise : 

Alip 1875 panulise : 

Ehe 1876 panulise : 

Ehe 1892 panulise : 

Jimawal 1893 panulise : 

Je 1894 panulise : 

Dal 1895 panulise : 

Be 1896 panulise : 

Wawu 1889 panulise : 

Jimakir 1890 panulise : 

Alip 1891 panulise : 

Wawu 1897 panulise : 

Jimakir 1898 panulise : 

Alip 1899 panulise : 

Ehe 1900 panulise : 

mangkono lan sabanjure. Wis samana bae layak wis cukup kanggo pepiritan".

[15]**Kridhalukita** :"Nun inggih sampun sedhengan, saha ing mangke kula sampun dhamang sayektos. **Kulu**$^{3}$ nun candramemet wau teka dados boten saged kelimrah kangge ing akathah, kados dene candrasangkala, punika punapaa".

**Mardibasa** :"Manawa saka panemuku dhewe, layak wose kagawa saka pancen durung pati akeh kang padha mangreti, awit kawruh Jawa iku racak-racake padha winadi utawa piningit. Para sarjana kang dhisik-dhisik arang-arang kang kapareng medharake kawruh kang makolehki supaya bisaa sumebar sumrambah kanggo ing akeh, dadi wekasane bisa banjur ketalib kaya dene candramemet mau rak iya dhapur ketalib, tandhane durung sumebar warata".

**Kridhalukita** :"Nun inggih pancen makaten, kula piyambak saweg punika angsal seserepan kawruh wau. Para barakan kula tilas kanca kula sinau wonten ing pawiyatan Jawi, kula pitakeni bab candramemet wangsulanipun sami dereng sumerep utawi mangretos.

Nuwun sanes ingkang kula aturaken sampun kapara lami anggen kula reka-reka remen marsudi kasusastran tuwin kalukitan Jawi, nanging kenging winastan kuciwa dereng wonten begjanipun sa[16]ged angsal bathi baut ngiket ukara. Sapunika kula kapengin sageda ngrakit ukara mawi wangsalan, nanging

dereng saged kasembadan, dening dereng angsal sesuluh utawi piwulang, mila kula nyuwun mugi kaparingana barkah seserepan bab pratikelipun ngrakit ukara mawi wangsalan".

**Mardibasa** :"Kang mangkana iya prayoga, nanging saiki ayo padha bubaran ngaso dhisik, seje dina bae dirembug maneh".

**Kridhalukita** :"Nun inggih, nuwun".

**Mardibasa** :"Iya, andum salamet".

titi

Taksih wonten sambetipun, nama serat:

Wendha Pangripta

jilid : 1

mratelakaken pathokanipun:

1: ngiket ukara mawi wangsalan.

2: damel serat iber – iber utawi kintunan.

3: nganggit anggit nganggo ukara gancaran.

kawedalaken dening:

Kridhaukara ing Surakarta

**b. Asiling Suntingan Teks Serat Candramemet**

[1]Serat Candramemet
mratelakaken kawruh ingkang winastan: candramemet
Panunggilanipun kawruh sangkalan, inggih sangkalan ingkang rupi aksara.
Kawruh wau sadangunipun tansah jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan, sapunika kawedalaken sarta katerangaken kanggening damelipun.
dening:
Kridhaksara ing Surakarta
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ "DE BLIKSEM"
SOLO 1928
[2]Serat Candramemet
mratelakaken kawruh ingkang winastan: candramemet

Panunggilanipun kawruh sangkalan, inggih sangkalan ingkang rupi aksara.
Kawruh wau sadangunipun tansah jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan, sapunika kawedalaken sarta katerangaken kanggening damelipun.
dening:
Kridhaksara ing Surakarta
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ "DE BLIKSEM"
SOLO 1928

[3]Purwaka

Wiyosipun serat-serat basa Jawi bab kasusastran sapanunggilanipun ingkang sampun kula waos rumiyin dumugi ing samangke punika, kula dereng nrenjuhi ingkang nyariosaken bab kawruh ingkang winastan: candramemet. Dalah serat-serat pawartos tembung Jawi ing sasumerep kula, inggih dereng nate wonten para sarjana mardi basa ingkang giyaraken kawruh wau. Punapa darunanipun dene candramemet, teka jenak anggenipun mempen wonten ing sanggar pamelengan. Saweg ing pandugi kula piyambak, mbokmanawi sabab dening candramemet wau golonganing kawruh kina, ingkang dereng saged sumebar kasrambah kangge ing akathah, dados wonten emperipun bilih kathah ingkang dereng sumerep, dangu-dangu temahan lajeng dhapur ketalib.

Sarehning candramemet punika pancen kawruh jawi deles, bilih boten dipunopeni eman-eman. Mila murih boten kelajeng-lajeng anggenipun ketalib, ingkang wekasanipun badhe saged sirna tanpa lari, ing mangke kawontenanipun bab candramemet wau, badhe kula giyaraken ing serat punika, wigatosipun supados sageda katingal, ing[4]kang lajeng sumebar kasumerepan ing akathah, wusana saged wangsul gesang, tetep anglenggahi anggenipun jinejer kawruh, ingkang kangge ing akathah.

Ing tanjung anom, Surakarta, warsa dal: 1855: tinengeran candra sangkala:

migati aksara murtining candra.

[5]Gelaraning candramemet.

Ginemipun **Mardibasa** kaliyan **Kridhalukita.**

**Kridhalukita**: "Kulanuwun, nalika pinuju wonten ing pajagongan kula mireng reraosanipun tamu kaliyan panunggilanipun lenggah wonten ing sandhingipun. Dene wosipun ing reraosan ngrembag bab kasusastran Jawi ing karaton dalem nagari Surakarta. Tatanan anyar ingkang tumindak kangge ing samangke punika, kados ingkang sampun kadhawuhaken kawrat ing serat Dhawuh Kekancingan Nagari ing salebetipun tahun Dal: 1855 inggih punika ingkang lajeng karan kasusastran: Sriwadari. Kalasamanten tamu ingkang miwiti raosan wau mratelakaken bilih seneng sanget dhateng kasusastran tatanan anyar amargi kangge nyambut damel nindakaken padamelan nagari tumrap ing kantor-kantor

sapanunggilanipun padamelan ingkang brendangan pikantuk saged rancag, dening su[6]danipun gondhelaning : na lan sapanunggilanipun.

Tumunten ta mula layananipun raosan mratelakaken bilih kirang condhong ngangge kasusastran Sriwadari, awit tumrap ukara sesekaran bilih panyeratipun ngangge kasusastran tatanan anyar wau, rumaosipun piyambak anggadhahi raos kirang tumembel, dening ewahipun sesigeg na murda =  dados namung kalpaprana= lan sapanunggilanipun. Wusana dangu-danguning raosan lajeng ngrembag bab candramemet. Sarehning palinggihan kula kaliyan tamu ingkang sami raosan wau ragi kepering, dados katerangan kawontenanipun candramemet wau boten saged tetela pamireng kula. Ingkang punika kula nyuwun seserepan ing panjenengan sampeyan, mugi kaparenga nerangaken bab kawruh candramemet wau".

**Mardibasa** : "Saka pangandikane swargi Kyai Rangga Karangrang kang diarani candramemet iku reringkesaning angka sangkalan taun, wujud aksara sinaroja ing sandhangan bakune cacah sepuluh aksara rineka tinetepake dadi angka wiwit siji tumeka das kaya dene angka Jawa kang wis kelumrah. Dene candramemet mau pigunane mung dianggo [7]gawe sangkalan taun, minangka liru padhane angka Jawa kang kelumrah pakoleh ringkes sarta mawa rasa memet kaya dene sangkalan taun kang nganggo basa candra sangkala. Sakawit ing ngarep candramemet iku baboning sandi sastra".

**Kridhalukita** : "Lah dalah, cumeplong manah kula sayektosipun saweg mireng saking pangandika sampeyan punika, bilih candramemet punika bangsa sangkalan taun. Manawi marengaken ing mangke kula nyuwun seserepan terangipun pisan gelaranipun candramemet wau, supados mewahana seserepan kula ing babagan kawruh kasusastran jawi".

**Mardibasa** : "Mungguh candramemet mau kahanane mangkene : ,  , , , /, , ,  , , , Terange:

, aksara: wa, utawa sandhangan taling tarung dumadi angka siji=1.

, aksara: dha, utawa sandhangan suku dumadi angka loro=2.

, aksara: ha, utawa sandhangan wignyan dumadi angka telu=3.

, aksara: ra, utawa sandhangan layar dumadi angka pa[8]pat=4.

, aksara: ca, utawa sandhangan cakra dumadi angka lima=5.

, aksara: ya, utawa sandhangan taling dumadi angka enem=6.

, aksara: nya, utawa sandhangan pengkal dumadi angka pitu=7.

, aksara: nga, utawa sandhangan cecak dumadi angka wolu=8.

, aksara: tha, utawa sandhangan **<w>ulu**[1] dumadi angka sanga=9.

, aksara: ja, utawa sandhangan pepet dumadi das=0.

Anane **(ne)trap-trapan**[2] panganggone mangkene: upama gawe sangkalan taun kang wilangane angka wis ewon, iku ewone katulis wujud angka lugu kang wis kelumrah, dene atusane katulis sandhangan, tumuli dasane |tenggak| katulis aksara |pasangan| ning candramemet, manggon ana sangisore angka lugu mau, banjur ekane |sirah| katulis sandhangan, upamane nyangkalani ta[9]un Dal:1855, iku panulise mangkene: dicecak, ing ngisor sinaroja pasangan dicakra, wujude  pamacane  . Terange: dadi angka siji, sandhangan cecak dadi angka wolu, pasangan dadi angka lima, sandhangan cakra dadi angka lima, ganep patang angka dadi: 1855. Sabanjure upama nyangkalani taun:

Be 1856 panulise : 

Wawu 1857 panulise : 

Jimakir 1858 panulise : 

Je 1862 panulise : 

Alip 1859 panulise : 

Dal 1863 panulise : 

Ehe 1860 panulise : 

Be 1864 panulise : 

Jimawal 1861 panulise : 

mangkono sapiturute.

Sawenehing pujangga ana kang nganggo gagrag seje tatanane, lire yaiku ewone uga katulis wujud ang[10]ka lugu, atusane uga tinulis wujud angka lugu ana ngisore angka kapisan |ewon| dasane lan ekane padha tinulis rupa sandhangan. Sangkalan gagrag mangkono iku kang wis takweruhi, dhek biyen sangkalan regol ing Karadenayon jero Kadhaton Dalem Karaton Surakarta. Nalika jumeneng dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan Pakubuwana kang kaping sanga. Aksara sangkalan mau dumunung tembok, sadhuwuring dhempel kori kang njaba utawa ngarepan, panulise digawe brenjul pulase ireng, elingku tulisane mangkene: yaiku aksara  sinaroja pasangan =

dipengkal, dhuwuring  sandhangan pepet, unine  dadi iku angka 1670. Panunggalane gapura ing wewengkon sajroning Kadhaton Dalem iya ana kang nganggo sangkalan candramemet nanging kang takelingi cetha iya mung kang wis takpratelakake mau.

Ana sawarna maneh nganggo tatanan mangkene yaiku angkane ewon katulis angka lugu, nanging mung kajukuk sirahe bae lan atusane rupa sandhangan rinaketake aksara kang dadi angka dasan, nanging panulise mung kajukuk ge[11]mbung lan saperangan mburi, sumambung ing angka kapisan kang amunggana sirah  nuli sinaroja ing sandhangan, dadi kahananing wujude mangkene bisa muni  panemuku iku karepe dipengkal, sambungan gembung karepe angka sinaroja sandhangan cecak, dumadine angka mangkene  , sangkalan iku kang takweruhi dhek biyen, regol ing Martadipuran lawas, kampung Carikan.

Sarehning kahanane candramemet telung warna kaya ing ngarep mau, tetelane padha kurang andhamangake sadhengah kang nupiksa, dening katon cawuh utawa nyamar kena diarani kememeten. Mulane banjur ana sawijining pujangga kang ambangun tatanane candramemet ginawe pasaja tur cetha. Pamurihe bisa nggampangake sadhengaha kang nyumurupi yaiku upama nulis sangkalan taun, ewone lestari nganggo angka lugu sarta atusane iya lestari tinulis sandhangan rumaket ing angka kang dadi ewon mau. Dasane diowahi nganggo aksara candramemet wungkulan |dudu pasangan| panulise dijejer sumambung ing burine, banjur ekane iya lestari katulis sandhangan rinaketake ing aksarane candramemet kang dadi dasan mau. Babare banguna[12]n mau mangkene, upama gawe sangkalan taun Dal : 1855, iku panulise  dicecak, banjur ing burine dicakra, dadi kena winaca  , lah bareng tinulis mangkono, iya pancen nyata banjur katon wijang temenan, wah gampang gonne nyurasa ora dadak anggagas dawa".

**Kridhalukita** : "Nun inggih, kasinggihan pancen nyata yektos lajeng dados gampil pamaosipun saha enggal saged mangretosaken. Manawi kapareng kula nyuwun kaparingana upami malih, panunggilanipun babaraning candramemet bangunan wau supados kula sageda saya lajeng gonah".

**Mardibasa** : “Iya prayoga, saiki katurutake pisan sangkalan taun candhake kang wis takpratelakake ing ngarep mau, yaiku upama nyangkalani taun :

Be 1856 panulise : 

Wawu 1857 panulise : 

Jimakir 1858 panulise : 

Alip 1859 panulise : 

Ehe 1860 panulise : 

Jimawal 1861 panulise : 

Jimawal 1869 panulise : 

Je 1870 panulise : 

Dal 1871 panulise : 

Be 1872 panulise : 

Wawu 1873 panulise : 

Jimakir 1874 panulise : 

Alip 1875 panulise : 

Ehe 1876 panulise : 

Jimawal 1877 panulise : 

Je 1862 panulise : 

[13]Dal 1863 panulise : 

Be 1864 panulise : 

Wawu 1865 panulise : 

Jimakir 1866 panulise : 

Alip 1867 panulise : 

Ehe 1868 panulise : 

Je 1878 panulise : 

Dal 1879 panulise : 

Be 1880 panulise : 

Wawu 1881 panulise : 

Jimakir 1882 panulise : 

Alip 1883 panulise : 

Ehe 1884 panulise : 

Jimawal 1885 panulise : 

Je 1886 panulise : 

Dal 1887 panulise: 

Be 1888 panulise : 

Wawu 1889 panulise : 

Jimakir 1890 panulise : 

Alip 1891 panulise : 

Ehe 1892 panulise : 

Jimawal 1893 panulise : 

Je 1894 panulise : 

Dal 1895 panulise : 

Be 1896 panulise : 

Wawu 1897 panulise : 

Jimakir panulise : 

Alip 1899 panulise : 

Ehe 1900 panulise : 

mangkono lan sabanjure. Wis samana bae layak wis cukup kanggo pepiritan".

[15]**Kridhalukita** :"Nun inggih sampun sedhengan, saha ing mangke kula sampun dhamang sayektos. **Kul{a}**$^{3}$ nun candramemet wau teka dados boten saged kelimrah kangge ing akathah, kados dene candrasangkala, punika punapaa".

**Mardibasa** :"Manawa saka panemuku dhewe, layak wose kagawa saka pancen durung pati akeh kang padha mangreti, awit kawruh Jawa iku racak-racake padha winadi utawa piningit. Para sarjana kang dhisik-dhisik arang-arang kang kapareng medharake kawruh kang makolehki supaya bisa asumebar sumrambah kanggo ing akeh, dadi wekasane bisa banjur ketalib kayadene candramemet mau rak iya dhapur ketalib, tandhane durung sumebar warata".

**Kridhalukita** :"Nun inggih pancen makaten, kula piyambak saweg punika angsal seserepan kawruh wau. Para barakan kula tilas kanca kula sinau wonten ing pawiyatan Jawi, kula pitakeni bab candramemet wangsulanipun sami dereng sumerep utawi mangretos.

Nuwun sanes ingkang kula aturaken sampun kapara lami anggen kula reka-reka remen marsudi kasusastran tuwin kalukitan Jawi, nanging kenging winastan kuciwa dereng wonten begjanipun sa[16]ged angsal bathi baut ngiket ukara. Sapunika kula kapengin sageda ngrakit ukara mawi wangsalan, nanging dereng saged kasembadan, dening dereng angsal sesuluh utawi piwulang, mila

kula nyuwun mugi kaparingana barkah seserepan bab pratikelipun ngrakit ukara mawi wangsalan".

**Mardibasa**: "Kang mangkana iya prayoga, nanging saiki ayo padha bubaran ngaso dhisik, seje dina bae dirembug maneh".

**Kridhalukita**: "Nun inggih, nuwun".

**Mardibasa**: "Iya, andum salamet".

titi

Taksih wonten sambetipun, nama serat:

Wendha Pangripta

jilid : 1

mratelakaken pathokanipun:

1: ngiket ukara mawi wangsalan.

2: damel serat iber – iber utawi kintunan.

3: nganggit anggit nganggo ukara gancaran.

kawedalaken dening:

Kridhaukara ing Surakarta

### 5. *Aparat Kritik Serat Candramemet*

*Tabel* 22: ***Aparat Kritik***

| No. | ***Teks* saderengipun dipun-*sunting*** | ***Suntingan*** | **Katrangan** |
|---|---|---|---|
| 1. | Ulu | wulu | Kaca 8 larik kaping 10 saking nginggil |
| 2. | netraptrapan | trap-trapan | kaca 8 larik kaping 14 saking nginggil |
| 3. | Kulu | kula | Kaca 15 larik kaping 2 saking nginggil. |

Sasampunipun damel *suntingan,* garapaning panaliten *filologi* salajengipun inggih menika, damel *aparat kritik. Aparat kritik* ing panaliten menika ngrembag

bab ewah-ewahaning *naskah* ingkang awujud nambahi aksara utawi tembung saha nyuda aksara utawi tembung. Ewadene pangrembagipun *aparat kritik* saking *tabel* ing nginggil kaandharaken ing ngandhap menika.

1) “ , aksara: tha, utawa sandhangan **<w>ulu**[1] dumadi angka sanga=9.”

   Tembung ulu menika kirang trep, awit tembung ulu menika kirang panganggenipun kangge nyebut sandangan wulu (Poerwadarminta, 1939: 138). Tembung wulu menika ateges (1) rambuting kewan utawa manungsa kang tukul ing awak, (2) sandhangan ing aksara djawa, (3) raup lan wisuh ngarepake salat. Mliginipun dipungaytaken kaliyan *konteks*-ipun, teges ingkang trep inggih menika ingkang kaping II.

2) “Anane **(ne)trap-trapan**[2] panganggone mangkene:”

   Tembung netraptrapan menika tegesipun boten cetha, awit sajatosipun konfiks ne – an menika boten wonten. Prefiks ne- + trap-trap menika boten ngemu teges. Dados *suntingan teks* kaserat trap-trapan.

3) “**Kul{a}**[3] nun candramemet wau teka dados boten saged kelimrah kangge ing ngakathah, kados dene candrasangkala, punika punapa.”

   Tembung kulu menika tegesipun “katut diulu ora kejarag” (Poerwadarminta, 1939:234), dene tembung kula menika ateges (1) aku saha (2) darah, trah, turun, sanak sedulur (Poerwadarminta, 1939:233). Tembung kulu boten trep menawi kapasangaken kaliyan tembung nun, amargi nun menika tegesipun “nuwun” (Poerwadarminta, 1939:348). Pramila ingkang langkung trep

kapasangaken kaliyan tembung nun miturut *konteks* ukaranipun menika tembung kula, saengga dados tembung kula nun.

### 5. *Terjemahan Teks Serat Candramemet*

*Terjemahan* ingkang katindakaken wonten panaliten menika inggih *terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi *makna*, saha *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* katindakaken kanthi cara negesi tembung inggih saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. Nanging, *terjemahan harfiah* menika boten mesthi saged kajumbuhaken kanthi *konsisten*, amargi wonten tembung ingkang boten trep menawi dipun-*terjemah*-aken kanthi *harfiah*, pramila kedah katindakaken *terjemahan i*si utawi *makna* saha *terjemahan bebas*.

*Terjemahan makn*a kaginakaken kanthi negesi tembung-tembung saking basa Jawi kanthi tembung-tembung basa Indonesia ingkang maknanipun caket. Wondene *terjemahan bebas* katindakaken kanthi cara nggantos sadaya *teks* basa Jawa dhateng basa Indonesia kanthi bebas, kanthi boten ngewahi maknanipun.

*Terjemahan teks* menika wonten tetembungan ingkang boten dipun-*terjemah*-aken, nanging bab menika dipunandharaken wonten ing cathetan *terjemahan*. *Proses terjemahan* wonten panaliten menika pathokanipun dhateng basa Indonesia *standar* saha kajumbuhaken kaliyan *konteks* ukaranipun. Asiling *terjemahan teks Serat Candramemet* menika wonten ing nggandhap menika.

***Asiling Terjemahan Serat Candramemet***

Serat
Candramemet
*Menjelaskan pengetahuan yang disebut: candramemet*
*Salah satu pengetahuan* sangkalan, *yaitu* sangkalan *yang berupa aksara.*

*Ilmu tadi selama ini masih betah tidak keluar dari tempat semedi, sekarang diterbitkan serta dijelaskan tujuan pembuatannya,*
*oleh :*
Kridhaksara *di* Surakarta
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ "DE BLIKSEM"
SOLO 1928

[2]*Serat*
*Candramemet*
*Menjelaskan pengetahuan yang disebut: candramemet, salah satu pengetahuan* sangkalan, *yaitu* sangkalan *yang berupa aksara.*

*Ilmu tadi selama ini masih betah tidak keluar dari tempat semedi, sekarang diterbitkan serta dijelaskan tujuan pembuatannya,*
*oleh :*
Kridhaksara *di* Surakarta.
le DRUK
UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL
STOOMDRUKKERIJ „DE BLIKSEM"
SOLO 1928

[3]*Pembukaan*

*Lahirnya serat-serat berbahasa Jawa tentang kesusastraan sejenisnya yang sudah saya baca dahulu sampai sekarang ini, saya belum menemukan yang menceritakan tentang pengetahuan tersebut*: candramemet. *Dan juga dalam surat-surat kabar kata-kata Jawa yang saya ketahui, belum pernah ada sarjana guru bahasa yang menyebar luaskan pengetahuan tadi. Apa yang menyebabkan candramemet, sampai tidak diajarkan di sekolah. Sedangkan pendapat saya sendiri, mungkin penyebabnya* candramemet *tadi termasuk golongan pengetahuan lama, yang belum bisa tersebar terjamah untuk orang banyak, sehingga pantas bila banyak yang belum mengetahui, lama kelamaan maka akan hilang.*

*Karena candramemet itu termasuk pengetahuan Jawa murni, jika tidak dirawat itu sayang jika hilang. Maka supaya tidak semakin hilang, yang akhirnya bisa hilang tanpa jejak, selanjutnya segala hal tentang* candramemet *tadi, akan saya jelaskan di serat ini, yang penting supaya bisa terlihat,* [4]*kemudian dapat disebarluaskan diperlihatkan kepada orang banyak, sehingga bisa kembali hidup, tetap menduduki di jajaran pengetahuan yang ditujukan untuk masyarakat umum.*

*Di Tanjung Anom, Surakarta, tahun Dal 1855: ditandai* candrasangkala*:*
Migati aksara murtining candra.

[5]*Penjelasan candramemet.*

*Perbincangan* **Mardibasa** *bersama* ***Kridhalukita.***

